ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДІОКІ

№166 (22.324) • 2012 гъэм шыщхьэІум (августым) и 29, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Іэтащхьэ

УпщІэхэр вгъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къыхилъхьащ «КЪБР-м и Іэтащхьэм упщІэ ет» проектыр.

МЫ Іуэхур пІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ щытынущ. Къаныкъуэ Арсен и мурадщ республикэм и щІыхьэм щІэх-щІэхыгъуэ захуигъэзэну, ахэр зыхуей-зыхуэфІхэр зригъэщІэну.

НаІуэу зэрыщытщи, мы зэманым щыІэщ КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Егъэблэгъапіэу щІыхуэкІэ зызыхуагъаззр, Интернет-егъэблэгъапіэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и видеоблогрэ «Коррупцэм пэщІэтынымкІэ линие пщтырымрэ» и сайтым итщ. Къаныкъуэ Арсен щІыхуэхэм куэдрэ йопсалъэ республикэм и жылагъуэхэм щыкІуэхэм я дж. Иджы абы и мурадщ щІыхуэхэмрэ властымрэ нэхъри нэхъ гъунэгъу захуищІыну.

Сыт хуэдэ Іуэхуэхэми теухуа упщІэхэр КЪБР-м и Іэтащхьэм глава-кбр.рф, glava.kbr.ru, E-mail: press@president-kbr.ru сайтымкІэ Интернет-егъэблэгъапІэм хуеиг1ъхь, апхуэдэу 40-43-07 телефонымкІэ зыпыфщІэ хьунущ.

2012 гъэм фокІадэм и 5 пщІондэ ирата упщІэхэм ящыщ Іыхьэм Къаныкъуэ Арсен эфир занщІэм жэуап кьыщІитынущ къэрал телеканалхэм ящыщ зым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Ди хьэщІэщым

Ди зэманым и лІыхъужь Махуэ Билал

Шыщхьэлум и 17-м «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым къедгъэблагъащ бэнэкІэ хуитымкІэ щэнейрэ дунейпсо чемпион хьуа, иджыблагъэ Лондон щекІуэкІа Олимпиадэм жэз медаль къыщызыхьа адыгэ щІалэ Махуэ Билалрэ абы и гъэсакІуэ, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и тренер нэхьыжь Тембот Анзорэ. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице- президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд и жэрдэмкІэ кьыззрагъэпэща пресс-конференцым журналистхэм я упщІэхэм жэуап щаритащ Махуэ Билал.

Кьызэхуэсахэм гуапэу сэлам яриха нэужь, ХьэфІыщІэ Мухьэмэд жиІащ дунейпсо утыку ихьа ди щІалэхэр, сыт хуэдэ увыпІэ щхьаби, ди зэманым и лІыхъужьу кьызэрилытыр.

Тембот Анзор кьыхэгъэщащ ди щІалэхэр, абыхэм кьадгъэщІ цІыху минипщІхэми хуэдэу, дышъ медаль кьахьыну щыгугъуу Олимп Джэгухэм зэрыкІуар, я мурадыр кьаззремыхьулІам щхьэжи хуабжьу зэрызыхъумыар зэызыкІр. Дауи, уи лъэпкым текІуэныгъэ кьыхуэпхь хуэдэ щыІэкъым, ауэ псори дяпэкІэщ.

- Іуэхур зэрыкъуар дауэ? Фи мурад нэхъыщхьэр кьыщІывэмыхьулІам и щхьэусыгъуэр сыт? Билал нэщІ исар пэж? - а упщІэхэмкІэ журналистхэм зыхуагъэзащ хьэщІэхэм.

- Ди спортсмен щІалэхэм я нэхъыбэм текІуэныгъэр кьызэрамыкьыфам щхьэкІэ я щхьэращ я гъэкьуэнщэхэр, - жиІащ Анзор. - Дыщэ медалиплІ-тху ди командэ кьыхэхам кьымыхьу зэи кьэхьуртэкъым, идкьыр арат езыхэр Урысей псори зыщыгъгьыр. Ауэ, дыщэ медаль кьэзыхьар зи Іэпкьлъэпкъым дыркъуэ игъуэту, зыгъэзэныр тхьэмахуитІ-щыкІэ зэпызыгъэуэ щІалэщ. Зы бэнэгъуэ лъэныкъуэ щІалэщ. Ди щІалэхэм я кьаурр щІэкьырт, и щхьэусыгъуэр кьытхуэщІэртэкъым. Олимпиадэм и пэкІэ дызытета мардэращ абы щыгъуи дызытетар, кьатехьэлъэн хуэдэу щІэуэ зыри хэдгъэхьакъым. Кьэхьэуам и щхьэусыгъуэр иджыри эхьагъэкІ.

Билали адрей щалэхэри нэщІакъым, хуеями нэщІыбгынтэкъым. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, абыхэм щІэкъуэзауэ загъасэрт.

- Кьэрал псор кьызэрытщыгугъыр, бэнэкІэ хуитым дыщэ медалхэр кьыщытхьыну щыхуэхэр зэрыпэлъэр тщІэрти, апхуэдэ гъуэгу дытехьэфынутэкъым - нэщІыр упщІыныжьхэунущ, - кьыпищащ Махуэ Билал. – Дэ ди хьэусапІэхэм я гугъу умыщІми, ди хэкум, ди лъэпкъым я пащхьэ кьалэн пыухьІахэр зэрыщыдиІэр тщІэжьрти, тлъэкІ кьэгъэнакъым, ауэ, ди жагъуэ зэрыхьущи, арэзы дыкьэзыщІ текІуэныгъэ зыІэрыдгъэхьэфакъым. Кьытпэплъэ псори дгъэгуфІэн мурадкІэ, едмыгъэлеІуауэ си фІэщ хьуркъым. ДяпэкІэ нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ, нэхьыфІыжу зыдгъэсэнщ. Дыщэ кьызэрыдмыхьар ди жагъуэ хьуами, абы, зэрыжаІэу, ди гур ирируданым, атІэ ди мурад нэхъыщхьэр зэдгъэхьулІэным нэхъ ерыщу яужь дыззрытыным дытригъэгушхуауэ аращ. Ди гугъэщ иджыри Олимпиадэ зыбжанэм дыхэтыфыну, дыщэ медалыр кьыщыпхь хуэн утыку мызэ-мытІэу дихьэну.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

● Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 455-рэ щрикъум ирихьэлІэу

Ди зэпыщІэныгъэхэр кІуэщІ икІи быдэщ

**Ди блэкІар - ар зэфІэха хъуа Іуэхугъуэ къудейкъым, атІэ ди лъэпкъ тхьдэм щыщ Іыхьэщ, щІыхуб1 гупсысэм и лъабжьэщ. Жылагъуэм мы зэманым къыпэщылъ къалэн нэхъ инхэм хохьэ игъэкІэ тІэщІэхуа лъэпкъ лъапІэныгъэхэр, щэнхабзэм и ехъулІэныгъэхэр къэгъэщІэрэщІэныгъэр, ахэр зыужьыныгъэм хуэгъэлажьэнкІэ. Тхыдэм и напэкІуэщІхэм дыщрилтьэкІэ, абы иджы щІэ гуэр хэлъхьэныгъэ е къэхъукъащІэхэр дыззрыхуейуэ зэблэгъэуныкІынкъым къемыззгъщ. Апхуэдэу хуэсакъыпхъэщ блэкІам щыщ Іуэхугъуэ гуэрхэм я мыхьэнэр ямылеІуэ пІэтынкІэ е бгъэлъэхъышэнкІэ. Тхыдэ, щэнхабзэ щІэинхэм я лъапІэныгъэр зэлъытар абыхэм жылагъуэм щагъуэтауэ щыта увыпІэм и лъагагъэщ, ахэр ди нобэмрэ къэкІуэнымрэ тегъэщІапІэ, лъабжьэ зэрахуэхьуащ. Апхуэдэ щІэныгъэхэм дэ хъыдагъащІэ ди къэралым, республикэм и лъэпкъхэм тхыдэ, щэнхабзэ я лъныкъуэкІэ зэпыщІэныгъэ кІуэкІэ икІи быдэхэр я зэхуакъ зэрыдэтыр.

А Іуэху еІлъыкІахэр ди гъэзугъэлъагъуэущ дыззрелІын хуейр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэр ешым фІэфІу Урысей къэралым зэрыгугъэр и илъэс 455-рэ зэрырикъур.

Илъэс зи гугъу тщІа махуэшхуэхэм яныхэзэми лъэпкъ зыужьыныгъэм мыхьэнэшхуэ зэрыщІилам шэч лъэпкъ хэлъхьэм, сыту жыпІэмэ ахэр ауэ гуфІэгъуэ зэхьхьэ е гъэлъагъуэныгъэ къудейтэкъым, атІэ щІыналъэм и къэкІуэнкр илъэс бжыгъэкІэ зыубзыхуа къэхъукъащІэхэт.

Зэгухьэныгъэм епха махуэшхуэр гъэлъапІэным теухуа Іуэхугъуэкър ялъэ дыдэу къыщІэтар 1955 гъэрщ. Партым и обкомым апхуэдэ жэрдэмкІэ захуигъэзауэ щытащ къэралым и парт, хабзэубзыху, гъэззэщІакІуэ Іэнатіэхэм. Абы ехьэлІауэ зэфІэха хъуауэ щытащ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яфІ кьыззрыкІэ Іуэхугъуэр инкъэр: Урысей къэралыгъуэм и зыужьыныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэбэрдей цІыхубэм я гъащІэм тхыдэ мыхьэнэшхуэ зэрыщІэр икІи абы и зыужьыныгъэм и хэлъхьэныгъэ зи зэрыхуэдэр Іуэхугъуэр КПСС-м и ЦК-м а махуэр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гуащІэрыпсэухэм я лъэпкъпсо гуфІэгъуэ ину дигъэгъэльэпІэну...

Абы теухуауэ КПСС-м и ЦК-м лъэІуІкІэ зыхудогъазэ гуфІэгъуэр кьыззгъэпэщыным епха Іуэхугъуэхэм хэпІэну...

...СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием пщэрылъ щыщым Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьар кьызыхэщ щІэныгъэхэр, дэфтэрхэр кьыдигъэхьанымкІэ Къэбэрдей АССР-м зыщІигъэкъуэну.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Уэрэдымрэ къафэмкІэ Къэбэрдей къэрал ансамбль. *1957 гъэ*

● Хъыбар гуапэ

Аргуэру зы текІуэныгъэ

Ефэнды Маринэ

Диплом

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я зэфІэкІыр щагъэлъагъуэ Еханэ Урысейпсо мастер-класс иджыблагъэ щекІуэкІащ Мордовие Республикэм и кьалащхьэ Саранск, Махуищ1кІэ зэхэта а зэІуІэр ирагъэкІуэкІащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ щІэныгъэм зегьэужьыныкІэ абы и федеральнэ Іуэхущ1апІэм Къэпхъ щІэныгъэ ІуэхуэхэмкІэ и институтымрэ. Ди республикэм кьыбгъэдэкІыу а къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Налшык дэт гимназие №29-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Ефэнды Маринэ.

ИЛЪЭС 30-м щІигъуауэ а Іэнатіэм пэрыт Маринэ ЦІыхубэ егъэджэныгъэм и отличникщ, и Іэзэгъымкіэ квалификацэ лъагэ бгъэдэлъщ. Ефэндыр жыдджэру хэтщ кьалэ, республикэ, щІыналъэ зэпеуэхэм, увыпІэфІхэри кьыщыех. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ къэралпсо зэхьэзэхуэм щытекІуэри, Маринэ кьызыгъэфэщащ «УФ-м и егъэджакІуэ нэхъыфІ» цІэ лъапІэмрэ сом мини 100 хъу ахъшэ саугъэтымрэ, 2011 гъэм екІуэкІа «Си бэ - си псэ, си дунеи» республикэпсо фестивалым Ефэндым япэ увыпІэр кьыщихьауэ щытащ. Иджыпсэ къэралпсо зэпеуэм Маринэ хэтам и мызакъуэу, «Егъэджакіуэхэм я егъэджакІуэхэ» унэтІныныгъэм пашэ щыхъащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьищи, Урысейпсо мастер-классым зы илъэси кьэмынэу жыдджэру хэтщ ди лъахэгъу егъэджакІуэхэр. ЗэфІэкІ лъагэхэр абы и утыку щагъэлъэгъуащ икІи ехъулІэныгъэхэр кьыщахьащ ди егъэджакІуэ пашэхэу Бекъан Масирэт, Мэшыкъуэ Эсият, Нэхущ Залинэ, Къумыкъу Светланэ сымэ. Джангуразовэ Лизэрэ Хур Мадинэрэ кьыхуагъэфэщащ зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэ дыдэр - «Дыжьын къабзийр».

Зэхьэзэхуэм мы гъэм щытекІуэхэм ящыщ Ефэнды Маринэ дохъуэхъу и зэфІэкІым хигъахъуэу, узынщэу куэдрэ и ІэщІагъэм ирилэжьэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Мэкъумэшыщ1эхэр мэгъэтІылъэ

Дзэлыкъуэ районым гъавэр кІэрыхуншэу кьыщрахьэлІэжащ. Къащтэмэ, мы гъэм абы бжыкьэсэ гуэдзу гектар 1400-рэ, гъатхэсэ хьэпцийуэ 1342-рэ пІащ.

ХэГъУэЗ зэман кІэщІым щызэфІэкІа щыпІэхэм ящыщ Дзэлыкъуэдэс, Къамылыкъуэ, Дзэлыкъуэкъуажэ, Приречнэ, Светловодскэ, ЯтІэкъуэ жылагъуэхэр. Нэхъ нужьыІуэ кьынар зи гъавэ щапІэхэр бгылъэ щыпІэхэм хуэзэ Белокаменскэм и мэкъумэшыщІэхэрщ. Мы гъэм кьэха уэр зэран кьаззрыхуэхъуами емылытауэ, абыхэм щыпІэ щхьэхуэхэм зы гектаркІэ зэрыщІэ центнер 40-м нэс кьытрахащ.

Гъавэ щапІэхэм бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм яхурикъуну хьэуазэрэ щагъэхьэзэрыщ. Ахэр гъущапІэхэм щагъэззэгъэжащ. Дунейр куэдкІэ щынэхь щы-Іэтыі мы щыпІэхэм мэкъумылэ гъэхьэзырыныр иджыри и гуащІэгъуэу щокІуэкІ.

Дзэлыкъуэ куейр жылапхьэфІхэмкІи эгуГъэ. «Агроопторг» ООО-м мы гъэм хисащ бэ-вагькІэ зыщыгугъ «Михайловский» хьэпцІий лІэужьыгъуэр. Мыбы зы гектарым хуэззу центнери 120-рэ кьаритыну щогугъ. «Вассэ», «Лебедь», «Первица» гуэдз лъэпкъыгъуэхэм нэхъ тригъэщІащ «Псынэдах» СХП-м.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ди хъуэщ1 республикэхэм

Сэхуран бэв кърахьэлІэж

АДЫГЕЙ. ***Республикэм мы гъэм сэхуран бэв къащ1ехьулІащ. А къэкІыгъэр зытращІэ щІыр гектар мин 15,2-кІэ нэхъыбІэ ящІащ икІи псори зэхэту гектар мин 61-м щІигъуащ. Дауи, къытрах бэвагъми хэхъуащ.***

ГИАГИН, Кушхьэблэ, Красногвардейск, Теучэж куейхэм щыІэ хозяйствэхэм гектар 1136-м щІигъу щыІуахьжащ. Абыхэм икУ иту гектар къэс сэхуран центнер 20,7-рэ кьытрахащ. Псом япэ итщ Гиагин и мэкъумэшыщІэхэр. Абыхэм гектар 530-м щІигъу кьрахьэлІэжакІи, дэтхэнэми центнер 23-м нэблагъэ кьаритащ.

Бэгъэнщ Сергей ягъ кьагъэкІыж

АБХЪАЗ. ***Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхунту Урысей Федерацэм кьыззрилытэрэ илъэсиплІ зэрырикъур тхьэмахуэ махуэм ягъэлъэпІащ. А махуэм и пэ кьыхуэу, республикэм и етІуанэ президент Бэгъэнщ Сергей. Абы и кьэращхьэм щыІащ Абхъазым и президент Анквад Александр, республикэм и адрей унафэщІхэр, Псалъэ гуапэхэмкІэ ягу кьагъэкІыжащ, и Іуэхущ1апІэм ящыщ Іуэхуэхэм я зэфІэувэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэмкІэ тхыдэм кьыззрыхэнэнур, зэи зэращымыгъупщэнур кьыхагъэщІри, уда і зэрыгъэкІуар и сыным тралъхьащ.*

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Зенит»-р мэщахуэ

«Газпром»-м и мылькуІэ къэпсэу Санкт-Петербург и «Зенит»-м и щхьэкІэм Европэр ильэуэжьащ.

Санкт-петербургдэсхэм Лондон и «Манчестер Юнайтед»-м еврэ мелуан 25-рэ хуигъэлъэгъуащ абы и футболист Нани кьрищэн папщІэ. Кьыщынэмыщ1Іауэ, «Зенит»-р щІохьэлъэс Бразилием икІауэ Португалием и «Порту»-м щыджэгу гъуащхьауэ Халк зыІэригъэхьну. Абы еврэ мелуан 50 щІитыну хьэзырщ. Зэрыжа1эщи, «Газпром»-м хьэпсапІэ псори кьуегъэхьулІэ икІи «Зенит»-р и мурадхэм теІэбэным пэжыжьэу кьыщІэкІынукъым - газым и уасэр аргуэру хагъэхьэщи, зэфІэкІащ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэлум и 29, *бэрэжьей*

t Академик Курчатовым и унафэм щІэту 1949 гъэм Совет Союзым яп1э атом бомбэ щагъэнэхуащ.

t Венецием (Италие) кьыщызэІуах 69-нэ дунейпсо кинофестивалиІ.

t Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Къумахуэ Мухьэдин** 1928 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

Пшэр техьэ-текІыу щытыну, пІалъэ-пІальэкІэрэ уэшх кьешхыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэу градус 23 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 18 щы-Іэнущ.

ШыщхьэІум и 30, *махуэку*

t **Хьыбарышэу кІуэдахэм я дунейпсо махуэщ**

t 1941 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и кьэрал, спорт лэжьакІуэ, футболист щІэрыІуэ **Сыжажэ Валерэ.**

t Атлетикэ хьэлъэмкІэ спортым и мастер, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** 1961 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

Пшэ телъынущ, уэшх мащІэ кьешхынущ. Махуэм хуабэу градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 18 - 20 щы-Іэнущ.

ПІалъэмэр зыкъэхьэлъар ЖЫЛАСЭ Зауридэмэ.

● Прохладнэ куей

ІэщІагъэлІхэр зэпоуэ

Прохладнэ къалэм щыІэхэтащ газым елэжьа Іуэхущ1апІэхэм я республикэпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ «Къэббалъкъгаз» ОАО-м и аварийно-диспетчер Іэнатіэу 11.

ГАЗЫМ елэжьхэм я щыуагъэ нэхъ мащІэри цІыху гъащІэ зэриуасэр псоми фІыуэ къагъроІуэ. Абы кьыхэкІыу апхуэдэ Іэнатіэ Іут дэтхэнэ зы лэжьакІуэми цІыхухэм я дж ущхьэ жэуапыныгъэр зэрыгъунапкъэншэр зэи ящыгъупщэ зэрымыхъунур нэхъри кьагурыІуэнырщ, хабзэ зэрыхьуам тету ильэс кьэс ирагъэкІуэкІ мы зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэр.

Іуэхум хэта Іэщ1агъэлІхэм ябгъэдэль щІэныгъэр здынэсыр япэ щІыкІэ къапщытащ экзамен зэрат билетхэмкІэ. Иужькіэ ирагъэкІащ абыхэм я ІэщІагъэм зэрыхащІыкІыр къыщагъэльэгъуэ дерсхэр. Ахэр теухуат газ кьызыдиху Іэмэпсымэхэм епщІэн хуейм, газ гуэшыпІэхэм кьыщыхъункІэ хъуну щынагъуэхэм уазэрыпщІэтынум, щытыкІэ щынагъуэм укьикІын папщІэ япэу лэжьыпхъэхэм. Апхуэдэу зэхьэзэхуэм хэтхэм ягъэльэгъуащ транспорт щхьэхуэхэр, радиоэпыщІэныгъэхэр, Іэмэпсымэ зэмылІэужьыкІыгъэхэр Іэрыхьуэу кьызэрагъэсэбэн щыкІыгъэхэр.

Зэпеуэм бжьыпэр «Налшык газым» и АДС-м щиубыдащ. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ «Прохладнэ газымрэ» «Майскэ газымрэ». Абыхэм ахъшэ саугъэтхэр иратащ. ЗэІуІэм хэта дзюйт бригадхэм яхуэупсащ лэжьыгъэ Іэмэпсымэ сэбэпыну Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ. КъыкІэлъыкІуэ зэпеуэр 2013 гъэм Нарткъалэ щрагъэкІуэкІыну траухащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

ДУНЕЙМ ЩЫХЪЫБАРТЭР

Фэеплъыр зэран кьахуохьу

Латвием зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Пабрикс Артис кьелъыІэ совет зауліхэм Ригэ щыкуагъэуащ щыта фэеплъыр Іухьжьынхьу.

Пабрикс кьыхигъэщащ ТекІуэныгъэ Инир кьыщытхьа Накъыгъэм и 9-р Ригэ зэрыщагъэлъапІэ щІыкІэри игу зэрытемыхуэр. Латвием и кьалащхьэм дэт, совет зауэлІхэм я фэеплъри жьы хьуауэ икІи кьутэжьипхьэу зыхъумэжьныгъэмкІэ министрым кьелъыгъэ. Арщхьэкіэ мэшынэ абы псалъэмакъ, Іуэху мыщхьэпэхэр зыгуэрэм кьрахьну.

ЗэблэкІыгъуэ лъэхъэнэм лэжьэну правительствэ кьызэрагъэпэщ кьудейм э.

Франджым и президент Олланд Франсуа Сириемрэ и оппозицэр кьыхуриджащ ЗэблэкІыгъуэ лъэхъэнэм лэжьэну правительствэ кьызэрагъэпэщыну.

Сириемрэ и нобэрей властхэм ящыІэт правительствэр кьызэрагъэпэщ кьудеймэ, Франджым ар кьыпльэгъну Олланд оппозицэр кьигъэгугъащ. Абы щыгъуэми Асад Башар хуиІуэхужащ зыкъэзыІэтахэр игъэсабырыжьи папщІэ химие Іэщэ кьигъэсэбэныну яужь ихьэмэ, и дзэхэр зэрытригъэуэнур. НэхъапэІуэ-кІэ Сириемрэ и президентым жиІащ я хэкум кьыщыхъуэ зэпэщІэуэнныгъэр хамэ кьэралхэм кьызэрагъэпэщауэ.

ХыгІыгум кьызэтрегъэувыІэ

Хорватиер мэгуэавэ и хыгІыгум ящыщ зым жьэхэуа ахэтэм ит дагъэхъсыныпхъэхэр кьиумэ, я щІыуэнсым и щытыкІэр зэІинъхьэнкІэ.

Урысейм щыщ туристым, зимыщІэжу ефауэ, метр пщыкІутІ зи кІыхьагъ яхтэр зэригъэкІуэну яужь ихьащ. Ар, дауи, абы пэлъэщакъым икІи Хорватием и щІыналъэ Адриатикэ тенджызым хэт Хвар хыгІыгум жьэхэуащ. Абы зыри хэкІуэдакъым, арщхьэкІэ кхъухьым ит дагъэгъэсыныпхъэр кьиумэ, ихъуреягькІэ зэтриущІэнпІэнущ. Ар кьамыгъэхуну иджыпсту ІэщІагъэлІхэр хущІокъу.

Акъыл зиІэм имыІэ щыІэкъым.

●Шыщхьэ Іэ Іущ Іэхэр

Жыжьэу бгъэтІылъыр благъэу къыбощтэж

Налшык и Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ къалэм и егъэджакІуэхэм я зэІущІэ и Іуэн. Егъэджэныгъэм жыджэру хэт цІыху 450-м нэс къыздрихьэла зэхуэсым щяпІауэ щытепсэлъыхьащ еджапІэ, гъэнапІэ ІэнатІэхэм гъэ еджэгъуэ блэкІам зыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэм, зыхуэмясахэм, абыхэм я щхьэусыгъуэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къудамэ Дол Анжелэ, Налшык къалэ егъэджакІуэхэм я профсоюзым и унафэщІ Уэздакыр Татьянэ, егъэджэныгъэмкІэ къалэ департаментым и унафэщІ Мэлбахъуэ Тимур, щІыпІэ самоуправленэмкІэ Налшык къалэ советымрэ, 3-нэ школымрэ я унафэщІ Муравьев Игорь, зауэм хэтахэм я Налшык къалэ советым и нэхъыщхьэ Абдуллаев Мустэфа, школхэм, сабий садхэм я унафэщІхэр, егъэджакІуэхэр.

Дол Анжелэ къыщІэхъуэсахэм екъуэхъуащ гъэ еджэгъуэщІэм зэрыщІидзэмкІэ икІи зэІущІэр зэрекІуэкІыжыр щІыкІэм яхутепсэлъыхьащ. Абы псалъэ зрита Мэлбахъуэ Тимур гъэ еджэгъуэ блэкІам зэфІаха лэжьыгъэхэр къэпщытэжьмэ, къапэщылъ къалэнхэм теухуа доклад купщІафІэ ищІащ.

- Егъэджэныгъэм и нобэри и пщыдэйри тещІыхьащ «Ди щхьэусыгъуэ» программэм къытхуигъэу къаалэнхэр ди еджапІэхэм къыщыгъэсэбэпыным. Абы ипкъ иткІэ, егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр хуэунэтІащ ныбжьыщІэхэм ират щІэныгъэм и фІагъым хэгъэхъуэным. Абы теухуауэ зэфІэха хъуэрхуэдэм. Абы теухуауэ зэфІэха хъуэрхуэд мэхъу, лэжьыпхъэри мащІэкъым, - жиІащ Мэлбахъуэм.

Егъэджэныгъэр зэрызэхъуэ Іыхьэ нэхъыщхьэхэр къыщІедэз сабий сад, гъэсапІэ Іуэхугъэпсэу илъэси 3 - 7 ныбжьым къыриубгъэ сабий мин 13. Мэлбахъуэм зэрыжиІамкІэ, сабий садым кІуэну Іэмал яІэщ сабий мин 12-рэ 700-м. Къалэ школ зыбжанэм мыгувэу къыщыхэзІуахьинущ пщІэдэз сабий гупхэр зыхэт къудамэхэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ, сабий сад хэуныкъуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъунущ.

- ЩІэблэм я узынщагъэм кІэлъыплъынкІэ, ар егъэфІэкІуэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу собж, - къыпищащ здэкІэ и къэпсэлъэныгъэм Мэлбахъуэм. - Мы зэманым диспансер учетым щытщ сабий садхэм къекІуалІэхэм ящыщу процент 25-р. Абы къыхэкІыу, сабий Іуэхугъапэхэм щІэблэм я узынщагъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрахуащІым Іэмалхэр къалъхъуэ, абы екъулІэ Іуэхугъуэхэр ирагъэфІакІуэ. Абы хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ прогимназиехэу №№28, 52, 66, 70, НПДС №63-м.

Иужьрей зэманым нэхъыбэ хъуащ пэщІэдзэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапэхэм я лэжьакІуэхэу зи зэфІэкІ къэзыгъэльэгъуэну гукъыдэж зыщІхэм я бжыгъэр. Апхуэдэу, «ЩІыналъэ-2011» Урысейпсо зэпеуэм Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІа и Іыхьэм 36-нэ садыр щытекІуащ, «Илъэсым и гъэсакІуэ нэхъыфІ-2012» зэпеуэм прогимназие №70-м, 74-нэ пщІэдзэ школ-сабий садым я гъэсакІуэхэм екъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьащ. ЕхъулІэныгъэхэм кІаджкІуэу, кІэпсэлъам къыхэгъэщащ зи гугъу ищІ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм гу зылъатапхъэ Іуэхугъуэ куэди. Абыхэм ящыщу язынкъуэ Іуэхущапэхэм егъэджэныгъэ программэхэр къыщыхахкІэ, сабийм и зэфІэкІымрэ зыхуэныкъуэмрэ къыхэзрамылъыгъэ. Абы къыхэкІыу, школ кІуэхэр ныбжьым имысахэм гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ зэрадэлажьэ методикэми нэхъри зегъэужьын, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэщІэхэр щэнІауэ хэпщэн хуейщ.

НыбжьыщІэхэм хуиту щІэнрагъэ егъэныр и Іуэху зытетым щытепсэлъыхьым, департаментым и унафэщІыр къытеуваІащ Федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ стандартым къызэрыгъэувым ипкъ иткІэ, школхэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр ирагъэзэщІэну илъэс блэкІам сом мелуан 97-рэ къалэ еджапІэхэм къызэрыхуауэтыпщам. А ахъшэ бжыгъэр трагъэкІуэдащ еджапІэхэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэ тхылъхэр, спорт Іэмэпсымэхэр, компьютерхэр къэщэхуным, школ библиотекэхэр зэІуэпэщ щІыным, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, нэгъэущІхэмкІ. Къэпсэлъам къыхэзрихьащэщамкІэ, Урысей егъэджэныгъэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм иджырей егъэджакІуэм и пащхьэ къергъэувэ къалэнищІэ куэд. Ахэр кІыхьуэт щымыІэу гъэзэщІэным хэзгъэзауэ щытын хуейщ щколым и лэжьакІуэ дэтхэнэми и зэчири и къарури. Гушхуэныгъэ хэльу Мэлбахъуэм я щІэ къриІуащ я къару емыблэжу лажьэ егъэджакІуэ пажэхэу илъэс блэкІам екъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэрызыгъэхьахэм. Абыхэм ящыщу Урысей Федерацэм и Президентым и грант зрата, Урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэу **Джэдгъэ Зулие (4-нэ гимназие), Малининэ Еленэ (2-нэ лицей), Щхьэгъэпсо ФатІимэ (29-нэ гимназие), Лихицкая Иннэ (6-нэ школ), Конаковэ Любэ (1-нэ гимназие), Хьэщхьужь Раисэ (7-нэ школ), Баппинаев Алим (9-нэ школ), Архэст Маринэ (14-нэ гимназие).** «2012 гъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» къалэ зэпеуэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм текІуэныгъэхэр хъыщхьэхэр **Малининэ Еленэ (2-нэ лицей), Теттуевэ Любовь (6-нэ школ), Чомаевэ Иринэ (1-нэ гимназие), Коскинэ Иннэ (9-нэ школ).**

Адэкіэ Мэлбахъуэ Тимур къыгеуваІащ Зыуэ щыт къэрал экзаменэр 2012 гъэм ди къалэ школхэм зэрыщекІуэкІам. Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, къалэ школакІуэхэм къахъа балл бжыгъэхэр нэгъабэрейхэм елытауэ нэхъ мащІэщ. Гу зылытапхъэхэм ящыщу Мэлбахъуэм къыхихыгъащ профильнэ классхэм щеджакъым я балл бжыгъэхэр зэрыгъэкІуэтыр хуейщ «профильнэ класс» жьхуэтІэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щІыныр, абыхэм щеджэну мурад зыщІа дэтхэнэ ныбжьыщІэми апхуэдэ Іэмал иІэн, Зыуэ щыт экзаменхэм нэхъыфІу хуэгъахъэзыра хъун папщІэ», - жиІащ абы.

Мы гъэм школыр къэзыухахэм ящыщу ныбжьыщІэ 62-м дыщэ медалхэр иратащ, 28-м дыжьын медалхэр къахъащ.

Мэлбахъуэр щхьэхуэу къытеуваІащ къалэ, республикэ предмет олимпиадэ зэпеуэхэм ди егъэджакІуэхэрэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ жьаджэру зэрыхэтым, щІэныгъэ еІытагкІэ сабийм и зэфІэкІкІэр къэхутэныгъэ зэпеуэхэм зэрыгъэтым, щІэныгъэ еІытагкІэ сабийм и зэфІэкІкІэр къэхутэныгъэ зэпеуэхэм мыхьэнэзыуэ зэрадІэ. Уныпсэ Іэ нэхъыщхьэхэр зи куэд щколхэм я еджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ фІыщІэ яхуищІу я цІэ къриІуащ абы. Ахэр 4-нэ, 14-нэ, 9-нэ, 32-нэ щколхэрщ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Абы жэуап иритащ зэІущІэм къриІуа егъэджакІуэхэм я узынщагъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрахуащІым Іэмалхэр къалъхъуэ, абы екъулІэ Іуэхугъуэхэр ирагъэфІакІуэ. Абы хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ прогимназиехэу №№28, 52, 66, 70, НПДС №63-м.

Иужьрей зэманым нэхъыбэ хъуащ пэщІэдзэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапэхэм я лэжьакІуэхэу зи зэфІэкІ къэзыгъэльэгъуэну гукъыдэж зыщІхэм я бжыгъэр. Апхуэдэу, «ЩІыналъэ-2011» Урысейпсо зэпеуэм Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІа и Іыхьэм 36-нэ садыр щытекІуащ, «Илъэсым и гъэсакІуэ нэхъыфІ-2012» зэпеуэм прогимназие №70-м, 74-нэ пщІэдзэ школ-сабий садым я гъэсакІуэхэм екъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьащ. ЕхъулІэныгъэхэм кІаджкІуэу, кІэпсэлъам къыхэгъэщащ зи гугъу ищІ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм гу зылъатапхъэ Іуэхугъуэ куэди. Абыхэм ящыщу язынкъуэ Іуэхущапэхэм егъэджэныгъэ программэхэр къыщыхахкІэ, сабийм и зэфІэкІымрэ зыхуэныкъуэмрэ къыхэзрамылъыгъэ. Абы къыхэкІыу, школ кІуэхэр ныбжьым имысахэм гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ зэрадэлажьэ методикэми нэхъри зегъэужьын, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэщІэхэр щэнІауэ хэпщэн хуейщ.

НыбжьыщІэхэм хуиту щІэнрагъэ егъэныр и Іуэху зытетым щытепсэлъыхьым, департаментым и унафэщІыр къытеуваІащ Федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ стандартым къызэрыгъэувым ипкъ иткІэ, школхэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр ирагъэзэщІэну илъэс блэкІам сом мелуан 97-рэ къалэ еджапІэхэм къызэрыхуауэтыпщам. А ахъшэ бжыгъэр трагъэкІуэдащ еджапІэхэр щІэлэгъуэ зыхуэныкъуэ тхылъхэр, спорт Іэмэпсымэхэр, компьютерхэр къэщэхуным, школ библиотекэхэр зэІуэпэщ щІыным, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, нэгъэущІхэмкІ. Къэпсэлъам къыхэзрихьащэщамкІэ, Урысей егъэджэныгъэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм иджырей егъэджакІуэм и пащхьэ къергъэувэ къалэнищІэ куэд. Ахэр кІыхьуэт щымыІэу гъэзэщІэным хэзгъэзауэ щытын хуейщ щколым и лэжьакІуэ дэтхэнэми и зэчири и къарури. Гушхуэныгъэ хэльу Мэлбахъуэм я щІэ къриІуащ я къару емыблэжу лажьэ егъэджакІуэ пажэхэу илъэс блэкІам екъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэрызыгъэхьахэм. Абыхэм ящыщу Урысей Федерацэм и Президентым и грант зрата, Урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэу **Джэдгъэ Зулие (4-нэ гимназие), Малининэ Еленэ (2-нэ лицей), Щхьэгъэпсо ФатІимэ (29-нэ гимназие), Лихицкая Иннэ (6-нэ школ), Конаковэ Любэ (1-нэ гимназие), Хьэщхьужь Раисэ (7-нэ школ), Баппинаев Алим (9-нэ школ), Архэст Маринэ (14-нэ гимназие).** «2012 гъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» къалэ зэпеуэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм текІуэныгъэхэр къыщыхэлъ **Малининэ Еленэ (2-нэ лицей), Теттуевэ Любовь (6-нэ школ), Чомаевэ Иринэ (1-нэ гимназие), Коскинэ Иннэ (9-нэ школ).**

Адэкіэ Мэлбахъуэ Тимур къыгеуваІащ Зыуэ щыт къэрал экзаменэр 2012 гъэм ди къалэ школхэм зэрыщекІуэкІам. Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, къалэ школакІуэхэм къахъа балл бжыгъэхэр нэгъабэрейхэм елытауэ нэхъ мащІэщ. Гу зылытапхъэхэм ящыщу Мэлбахъуэм къыхихыгъащ профильнэ классхэм щеджакъым я балл бжыгъэхэр зэрыгъэкІуэтыр хуейщ «профильнэ класс» жьхуэтІэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щІыныр, абыхэм щеджэну мурад зыщІа дэтхэнэ ныбжьыщІэми апхуэдэ Іэмал иІэн, Зыуэ щыт экзаменхэм нэхъыфІу хуэгъахъэзыра хъун папщІэ», - жиІащ абы.

Мы гъэм школыр къэзыухахэм ящыщу ныбжьыщІэ 62-м дыщэ медалхэр иратащ, 28-м дыжьын медалхэр къахъащ.

Мэлбахъуэр щхьэхуэу къытеуваІащ къалэ, республикэ предмет олимпиадэ зэпеуэхэм ди егъэджакІуэхэрэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ жьаджэру зэрыхэтым, щІэныгъэ еІытагкІэ сабийм и зэфІэкІкІэр къэхутэныгъэ зэпеуэхэм мыхьэнэзыуэ зэрадІэ. Уныпсэ Іэ нэхъыщхьэхэр зи куэд щколхэм я еджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ фІыщІэ яхуищІу я цІэ къриІуащ абы. Ахэр 4-нэ, 14-нэ, 9-нэ, 32-нэ щколхэрщ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Абы жэуап иритащ зэІущІэм къриІуа егъэджакІуэхэм я узынщагъэм гулъытэ нэхъыбэ зэрахуащІым Іэмалхэр къалъхъуэ, абы екъулІэ Іуэхугъуэхэр ирагъэфІакІуэ. Абы хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ прогимназиехэу №№28, 52, 66, 70, НПДС №63-м.

Иужьрей зэманым нэхъыбэ хъуащ пэщІэдзэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапэхэм я лэжьакІуэхэу зи зэфІэкІ къэзыгъэльэгъуэну гукъыдэж зыщІхэм я бжыгъэр. Апхуэдэу, «ЩІыналъэ-2011» Урысейпсо зэпеуэм Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІа и Іыхьэм 36-нэ садыр щытекІуащ, «Илъэсым и гъэсакІуэ нэхъыфІ-2012» зэпеуэм прогимназие №70-м, 74-нэ пщІэдзэ школ-сабий садым я гъэсакІуэхэм екъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьащ. ЕхъулІэныгъэхэм кІаджкІуэу, кІэпсэлъам къыхэгъэщащ зи гугъу ищІ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм гу зылъатапхъэ Іуэхугъуэ куэди. Абыхэм ящыщу язынкъуэ Іуэхущапэхэм егъэджэныгъэ программэхэр къыщыхахкІэ, сабийм и зэфІэкІымрэ зыхуэныкъуэмрэ къыхэзрамылъыгъэ. Абы къыхэкІыу, школ кІуэхэр ныбжьым имысахэм гъэсакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ зэрадэлажьэ методикэми нэхъри зегъэужьын, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и мардэщІэхэр щэнІауэ хэпщэн хуейщ.

НыбжьыщІэхэм хуиту щІэнрагъэ егъэныр и Іуэху зытетым щытепсэлъыхьым, департаментым и унафэщІыр къытеуваІащ Федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ стандартым къызэрыгъэувым ипкъ иткІэ, школхэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр ирагъэзэщІэну илъэс блэкІам сом мелуан 97-рэ къалэ еджапІэхэм къызэрыхуауэтыпщам. А ахъшэ бжыгъэр трагъэкІуэдащ еджапІэхэр

ЩОДЖЭН Іэминат.

Уэрэдымрэ кьафэмкІэ Къэбэрдей къэрал ансамблым цІыхухъу кьафэ егъэзащІэ. *1957 гъэ*

Ди зэпыщІэныгъэхэр куущ икІи быдэщ 455

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

...СССР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, СССР-м и Тхаіуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм пщэрыльть ящыщым Къэбэрдей егъэзащІэ ефІэкІуэ Урысейм зэрыгухьам теухуа тхыльхэр, нэгъэущІ брошюрэхэр 1956-1957 гъэхэм кьыдэгъэкІыныр, къэбэрдей литературэм и тхыгъэхэр, лъэпкъ гъуазджэм и зыужьныгъэр кьызыхэщхэр урысыбзэкІэ зэрдэхащэ Москва кьышьыдэтэкІыныр, Къэбэрдейм и гуащІэрыпсэухэм я нобэрей гъащІэмрэ блэкІа тхыдэмрэ кьызыхэщ художенственнэ, документальнэ фильм щхьэхэІэльыныдэхэр техныр.

...РСФСР-м и Министрхэм я Советым, СССР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм щэрыльть ящыщым Къэбэрдей кьэрал драмэ театрыр макьамэ-драмэ театр щІыныныр икІи 1956 гъэм щІэдзэн щыІэу 800 зыщІэхэу театрыщІэмэр щыІэу 500-м тещІыхьэ щымахуэ кинотеатрымрэ я унэхэр ухуэныр. НыбжьыкІэ Іуэхугъуэхэм хэпльэн, республикэм щекІуэкІ ухуэныгъэхэм я нэхьыбэр зи щІэрыльть «Къэбэрдейухуэныгъэ» ухуакІуэмонтаж трестым льабжьэ льэщ зэримыІэм кьыхэкІыу дэІэпыкьуэгъу кьыхуэхъуурэ;

...СССР-м и Министрхэм я Советым пщэрыльть щыщым Налшык мэхъуэмэщ институтрэ индустриальнэ техникумрэ кьыщыІэныгъэм, еджапІэ нэхьыщхьэхэм щезыгъаджэ профессорхэмрэ пединститутымрэ Іэщагъэлъ Іэмрэ папщІэ фэтэр 48-рэ зыхэт псэупІэ унэу 2, студент 500 щхьэхуэ общежит, телефон станц ухуэным епха Іуэхуэхэм зэпльэну. Налшык курортыр къэралпсо зыгъэпсэхуупІэхэм хэгъэхьэн, щыналъэм и курорт хьугъуэфІыгъуэ псори къэгъэсэбэпауэ (Іуащхьэмахуэ куейр), икІи абы адэкІи зегъэужьыным екьэлІа Іуэхугъуэхэр зэфІэхьын. Къалэ поликлиникэ, гъуэлІупІэ 250-рэ зыщІэхэу сымаджэщ, поликлиникэ хэха, цІыхуи 100-м зэрыщІэхьэ, жьэн узыр щагъэхъуэж тубдиспансер, сабий 300 зыщІыхьэ сабий саду 2, медучилищэм и студентхэм папщІэ общежит, куей сымаджэщу зы, Бахьсэн Ищхьэрэ ТЭЦ-р уухуэн;

СССР-м Металлургие щхьуэжІэлпІыкІэмкІэ и министерствэм щэрыльть щыщым Налшык Гидрометаллургие завод щащІыным, бдзапІэ кьыщІэхьпІэ Тызыл щыкуэгъ Іуэхуэхэр зэфІэхьын. Къалэ поликлиникэ хэхэ, цІыхуи 100-м зэрыщІэхьэ, жьэн узыр щагъэхъуэж тубдиспансер, сабий 300 зыщІыхьэ сабий саду 2, медучилищэм и студентхэм папщІэ общежит, куей сымаджэщу зы, Бахьсэн Ищхьэрэ ТЭЦ-р уухуэн;

СССР-м Металлургие щхьуэжІэлпІыкІэмкІэ и министерствэм щэрыльть щыщым Налшык Гидрометаллургие завод щащІыным, бдзапІэ кьыщІэхьпІэ Тызыл щыкуэгъ Іуэхуэхэр зэфІэхьын. Къалэ поликлиникэ хэхэ, цІыхуи 100-м зэрыщІэхьэ, жьэн узыр щагъэхъуэж тубдиспансер, сабий 300 зыщІыхьэ сабий саду 2, медучилищэм и студентхэм папщІэ общежит, куей сымаджэщу зы, Бахьсэн Ищхьэрэ ТЭЦ-р уухуэн;

...Къэбэрдей АССР-м и Министерствэм я Советым, Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Тхаіуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм, КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и кьудамэм кьалэн ящыщым 1957 гъэм и бдзэгъэгъуэм кьыззэрагъэпэщыну икІи ирагъэкІуэкІыну: Налшык - урыс литературэмрэ гуащІэмкІэмрэ я махуэщІ, Москва - Къэбэрдей АССР-м и художенственнэ гуп нэхъыфІхэм я зыкьэгъэльэгъуэныгъэ, тхаіуэ цІэрыпІуэхэр зыхэт зэхуэсхэр, лъэпкъэм ящ дыдэ зэнэбжьэгъуэгъэм хуэгъэзауэ сауэ.

...Москва зыкьыщагъэльэгъуэн хуэдэу гъэхьэзэрыр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэ 120-рэ, Уэрэдымрэ кьафэмкІэ Къэбэрдей къэрал ансамблыр, цІыхуи 100 хьууэ, Къэбэрдей къэрал филармониер, цІыхуи 300 зыхэт художественнэ самодеятельностымкІэ гупыр, тхаіуэрэ усакІуэр 15, композитори 5, сурэтыщІуи 10.

...СССР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм пщэрыльть хуэщІын Къэбэрдейр ефІэкІуэ Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум теухуа фэеплым и проектыр гъэхьэзырыныр Къэбэрдей АССР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэхэу Листопад М. Ф., Махтин С. О. сымэ кьалэн ящІыным.

...Москва щагъэльэгъэн папщІэ гъэхьэзэрыр:

а) Къэбэрдей театрым - спектакль 3;

б) Уэрэдымрэ кьафэмкІэ Къэбэрдей ансамблым - концерт программ 2;

в) Къэбэрдей филармонием - концерт программ 2...

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур гъэлъэпІэным зэрызыхуагъэхьэным теухуауэ КПСС-м и обкомым и III Пленумым абы и секретарь Бэрбэч Хь. М. щиІа докладым щыщІ

1956 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-13-хэм.

Къэбэрдей АССР-м и тхаіуэхэм, художенственнэ гуп нэхъыфІхэм Москва зэрызыкьыщагъэльэгъэным зыхуагъэхьэзырыр папщІэ 1956 гъэм хуэтІыпщащ сом мин 900.

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур кьызыхэщ экспонатхэм я бжыгъэм зэгъэхъуэным хуэхахащ сом мини 100...

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щыхькІэ Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м альпиниадэ щегъэжьэкІыным теухуауэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и бюром и зэхуэсым кьыщапсэльам щыщІ

1957 гъэм накьыгъэм и 3-м.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и бюромрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Министрхэм я Советымрэ унафэ ящІ:

...Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щыхькІэ Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м альпиниадэ щегъэжьэкІыным, 1957 гъэм мэкьуауэгъуэм и 10-м кьыщыщІэдзэзу бдзэзэгъуэм и 5 пщІондэ. Юбилейм и щыхькІэ Іуащхьэмахуэ щыгум щыгъэуныр Ленин В. И. и бюстрэ махуэщхуэм и фэеплъхьэбгъуэ.

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щыхькІэ республикэм и мэкьумэш хозяйствэм, промышленностым, парт, совет, хозяйствэ ІэнатІэхэм кьыщыхэжьанькІа лэжьакІуэхэр гъэпэжьным теухуауэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и бюром и зэхуэсым кьыщапсэльам щыщІ

1957 гъэм мэкьуауэгъуэм и 25-м.

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щыхькІэ республикэм и мэкьумэш хозяйствэм, промышленностым, парт, совет, хозяйствэ ІэнатІэхэм кьыщыхэжьанькІа лэжьакІуэхэр гъэпэжьным теухуауэ комиссэм игъэльэгъуэ спискэр, цІыху 60 зэрытыр, кьэщтэн. Абыхэм ящыщу етыну: ГущІэдзэкІым и Бэрэбек Плъыкъ орденыр - цІыхуи 2-м, ЩІыхьым и Дамыгъэ орденыр - цІыху 14-м, «ГушІэдэкІым щы-зыІэригъэхьа екьулІэныгъэхэм папщІэ» медалыр - цІыху 22-м, «ГушІэдэкІ лэжьыгъэм кьыззэрыхьэжьанькІам папщІэ» медалыр - цІыху 21-м, РСФСР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым кьыбжьэдэкІ ЩІыхь тхылыр

АПХУЭДЭУ Іэтауэ, къэралпсо мыкІэжьыгъэтауэ ди республикэм щагъэльэпІауэ щытащ Къэбэрдей АССР-м и Къэбэрдей Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуар, щІыналъэм зыужьныныгъэ ин кьыхуэзыхьауэ щыта махуэщхуэр.

КЪУМЫКЪУ Людмилэ,

КъБР-м и Архив кьулыкьущІапІэм иджырей тхыдэмкІэ и центрым и управленэм дэфтэрхэр къэгъэзэжьауэ щытхэм я кьудамэм и унафэщІ.

КъАССР-м и цІыхубэ артист Тубай Мухьэмэдэрэ КъАССР-м щыхьэ зиІэ и артист Шортэн Даниткэрэ Идар Темрыкьуэрэ Темрыкьуэ и ипхьу Марием я ролхэр ягъэзащІэ.

комымрэ Уэ кьольэІу Бахьсэн - Тырныауэ гъуэгум асфальтрэ бетонрэ тельхьэныкьмкІэ проект-техникэ документхэр гъэхьэзэрыныкьмрэ лэжьыгъэхэр щІадзэныкьмрэ, апхуэдэу Іэмалыншэу ухуапхъэ льэмыжжэмэрэ укьуэдкІ хуей бжьамийхэмрэ екьэлІа дэфтэрхэр 1956 гъэм и планым хэбгъэхьэну, лэжьыгъэ псори 1957 гъэм - Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум ирихьэлІэу - зэфІэха хуэдэу.

КъАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІ Льостэн Ч. Т., КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и секретарь Бабич В. И. сымэ СССР-м щэнхабзэмкІэ и министр ныбжьэгъу Михайлов Н. А. хуагъэхьа письмом щыщІ

1955 гъэм фокІадэм и 6-м.

...Республикэм щокІуэкІ махуэщхуэр гъэлъэпІэным пыщІа лэжьыгъэхэр... Абы кьыхэкІыу КъАССР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм радиохыбарэхмкІэ и кьудамэр... мыпхуэдэ ІуэхугъэмкІэ дэІэпыкьуэгъу хуэныкьуэ:

1 ...дынольэІу радиохыбарэхмкІэ кьудамэм художественнэ гуп цІыкІу кьыхуэзгъэпэщыну, цІыху 20 - 25-рэ хуэдиз хьуу. Апхуэдэ гуп льабжьэ хуэхъуфынущ адыгэ щІалэгъуалэм ящыщу макьамэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр ныжьрей илъэсхэм кьэзыухахэр...

2 ...дынольэІу 1956 гъэм и планым хэбгъэхьэну Налшык Радиом и унэ щыкуэжьыр..., а Іуэхущапіэр Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу махуэщхуэм ирихьэлІэу яутІыпщыфи хуэдэу.

3 ...дынольэІу радиохыбарэхмкІэ кьудамэм зы машинэ псынщІэ мы илъэсым и 4-нэ мазэщым кьриубыдэу кьептэну.

«Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур зэрагъэльэпІэнум теухуауэ КПСС-м и ЦК-м 1955 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м кьищта Унафэм» епхауэ КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и бюром и зэхуэсым щыжаІам щыщІ

1955 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м.

...Къэбэрдей АССР-м и Министрхэм я Советым, Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Тхаіуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм, КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и кьудамэм кьалэн ящыщым 1957 гъэм и бдзэгъэгъуэм кьызэрагъэпэщыну икІи ирагъэкІуэкІыну: Налшык - урыс литературэмрэ гуащІэмкІэмрэ я махуэщІ, Москва - Къэбэрдей АССР-м и художественнэ гуп нэхъыфІхэм я зыкьэгъэльэгъуэныгъэ, тхаіуэ цІэрыпІуэхэр зыхэт зэхуэсхэр, лъэпкъэм ящ дыдэ зэнэбжьэгъуэгъэм хуэгъэзауэ сауэ.

...Москва зыкьыщагъэльэгъуэн хуэдэу гъэхьэзэрыр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэ 120-рэ, Уэрэдымрэ кьафэмкІэ Къэбэрдей къэрал ансамблыр, цІыхуи 100 хьууэ, Къэбэрдей къэрал филармониер, цІыхуи 300 зыхэт художественнэ самодеятельностымкІэ гупыр, тхаіуэрэ усакІуэр 15, композитори 5, сурэтыщІуи 10.

...СССР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм пщэрыльть хуэщІын Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум теухуа фэеплым и проектыр гъэхьэзырыныр Къэбэрдей АССР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэхэу Листопад М. Ф., Махтин С. О. сымэ кьалэн ящІыным.

...Москва щагъэльэгъэн папщІэ гъэхьэзэрыр:

а) Къэбэрдей театрым - спектакль 3;

б) Уэрэдымрэ кьафэмкІэ Къэбэрдей ансамблым - концерт программ 2;

в) Къэбэрдей филармонием - концерт программ 2...

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур гъэлъэпІэным зэрызыхуагъэхьэным теухуауэ КПСС-м и обкомым и III Пленумым абы и секретарь Бэрбэч Хь. М. щиІа докладым щыщІ

1956 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-13-хэм.

Къэбэрдей АССР-м и тхаіуэхэм, художенственнэ гуп нэхъыфІхэм Москва зэрызыкьыщагъэльэгъэным зыхуагъэхьэзырыр папщІэ 1956 гъэм хуэтІыпщащ сом мин 900.

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур кьызыхэщ экспонатхэм я бжыгъэм зэгъэхъуэным хуэхахащ сом мини 100...

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щыхькІэ Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м альпиниадэ щегъэжьэкІыным теухуауэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и бюром и зэхуэсым кьыщапсэльам щыщІ

1957 гъэм накьыгъэм и 3-м.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и бюромрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Министрхэм я Советымрэ унафэ ящІ:

...Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щыхькІэ Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м альпиниадэ щегъэжьэкІыным, 1957 гъэм мэкьуауэгъуэм и 10-м кьыщыщІ

Щикъухьащ адыгэр дунеижым

«Шэрджэс» псалъэр Израилым пагагъ хэлъу щыжаIэ

● Къуэкыпхь Гъунэгъу

ЗИ ЩХЬЭ И ПШIЭ ЗЫШIЭЖ ЛЪЭПКЪ ЦЫКIУР ЖУРТХЭМРЭ ХЬЭРЫПХЭМРЭ ХЬАРЗЫНЭУ ЯДОПСЭУ

- Израилым нс адыгэхэр сыткIи щапхьэщ щыпсэу къэралым щызекIуэ хабзэхэм зэхуэпэжу зэрыщытымкIэ. Абыхэм Израильр ефIэкIуэным хуащI хэлъхьэныгъэр машIэкъым, апхуэдэуи ар бийм щыхьумэныкIэ яIэ зэфIэкIри цыкIукъым, - жиIащ хамэ къэралIуэхуэзэкIэ министр Либерман Авигдор. Журт къэралыгъуэм и пащэ щыхьумэныкIэ щыIэ шэрджэс къуажэхэр щызэрегъэлъагъум.

Правительственнэ делегацэм хэта, къэрал кIуэцI щынагъуэнащагъэмкIэ министр Аранович Йицхак абы щыгъуэм гушхуэу кыхэигъэщащ Израилым зыхъумэжыныгъэмкIэ и дзэми, полицэми, щынагъуэнащагъэмкIэ къулыкъущапIэми щыIэхэм я процент 95-р адыгэ цIыхухъуэрауэ зэрыщытыр.

Кавказым кьикIыу Палестинэ жыжьэм

Ялэ дыдэу шэрджэхэр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум кьыщыщIидзар XVIII гъэщIы-гъэрщ. Шэрджэхэм кьаохIа мысыр сультIан Кьалэуи тэтэр-монголхэм я деж гъэру адыгэ мин 12 кьыщищэхужри, ахэр хэту дзэ щхьэжъуэ кьызэригъэпэщауэ щытащ. Шэрджэхэр - ар адыгэ лакъыу псори кьызэщIэзыубыдэ фIэщыгъэщ.

Нобэрей журт къэралыгъуэм адыгэ жылагъуэ зэрыщыIэр зэгъэщIэн гъэ кьыщысщIар ильэс зыбжанэ и пэкIэщ. Абы щыгъуэм Налшык сыкIуауэ срихьэлIауэ щытащ 1763 - 1864 гъэхэм екIуэкIа Кавказ зауэм зэкIуэдахэм я фэеплъ пэкIу щIыпIэ стадионым щрагъэкIуэкIыу. Тхьдэм ар кьыхэнащ нэхъ кIыхьлIыхь дыдэу икIи лъыгъажьэщхуэ щекIуэкIа зауэу.

Тхьдэжьэр «лъэпкъгъэкIуэдкIэ» зэджэ Кавказ зауэм адыгэ куэдым я щхьэр хальхьащ, абы щыгъуэм мелуани 3-м нэсу щыта шэрджэсхэм ящыщу псэууэ кьызэрагъэпэщащ мин 100-м нэблагъэщ, минхэм хэкур ябгынащ. Абыхэм ящыщу языныкъуэхэр Палестинэм и щIыналъэ щхьэхуэм кьыщыхутащ, 1948 гъэм Израильр кьызэрагъэпэща иужь, ар а къэралыгъуэм хиубыдащ.

Балканымрэ КъуэкIыпIэ Курытымрэ зыхыхьэ щIыналъэшхуэм и тепщэу зэман кудкIэ щыта Уэсмэн империем щIыпIэм щыпсэхуэм зыбжы яхуэщIыщтэжьым - ар Болгариемрэ Сербиемрэ щыщ славянхэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум кьикIа къэрыпхэмрэт. Абы кьыхэжIыу тыркуэм а щIыхэм Кавказым икIахэр, дзэм кьулыкъу щащIну кьалэну зытралъхьахэр, зэрыгагъэтIысхьэным хуIэкъурт. ФщIэн папщIэ мыйдэжым гу лъыхъуэгъэтэнут: Тыркуэм адыгэу мелуани 7, Сирием - мини 120-рэ, Иорданием - мин 80 щопсэу. Апхуэдэу щытми, тыркуэхэм щэрджэсхэм, кьапщтэмэ куэрджэхэм, хуитыныгъэшхуэ иратыркым. Абы и лъныкъуэкIэ Сирием щыпсэу адыгэхэм я Iуэхуэхэр куэдкIэ нэхъыфIщ. А къэралым щыпсэу адыгэ куэдым дзэми щынагъуэнащагъэмкIэ Iуэхуэщапхьэхэм кьулыкъу лъагэхэр щаIыигъ. Псом хуэмыдэу адыгэхэм пщIэшхуэ щаIэр Иорданиер. Ахэр Хэшимит пащтыхьыгъуэм и хьымакIуэ кьэмылэнджэхэщ.

Израильм щэрджэсхэр щопсэу Галилее Йщхьэрэм хьыкъуажитIым: 1876 гъэм кьунэхуа Кфар-Камэрэ 1880 гъэм кьыззэрагъэпэща Рихьэниерэ. Иерусалим ущыкIуэкIэ щыс Абу-Гош кьуажэ цIыкIу-им щопсэу эжрджэхэр, абы-хэм ящыщ куэдым я кьуэпсэхэр кьыщежьэр фIы дыдэу ящIэж.

Мы зэманым Израиль къэралыгъуэм зэрыцIыхуэм щыхьэт техIуэ тхьылъхэр яIэщ адыгэ мини 4-м щIигъум. Абыхэм я щIалэхэр селэт хахуэу кьалытэ, нэхъыбэу кьулыкъу щащIэр гъунапкьэхъуэмэ дзэмрэ шынагъуэнащагъэмкIэ Iуэхущапхьэхэмрэщ.

ИгъащIэкIэ зэблагъэщ

Абу-Гош жылэм и унафэщI Джабер Сали Израилми абы и гъунэгъу хьэрыл кьэралхэми пщIэшхуэ щызыIэ цIыхуэщ. Абы кьызэрилытэмкIэ, Израилым щыIэ щэрджэс жылагъуэм мыхьэнэщхуэ игъэззащIэфынущ журтхэмрэ хьэрыпхэмрэ нэхъ гъунэгъу зэхущIынымкIэ.

Мы зэманым Израиль кьэралыгъуэм зэрыцIыхуэм щыхьэт техIуэ тхьылъхэр яIэщ щэрджэс мини 4-м щIигъум. Апхуэдэ хэыбарыр ятщ мыбы кьыщыдэкI кавказ е, нэхъ пэжу жыпIэмэ, бгылъэ щыпIэхэм щыпсэу журтхэм я Iуэху епIыкIэхэр кьыщагъэльагъуэ «Кавказ газетым». А журтхэр лIэщыгъуэкIэрэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я джабэм кIэщIэсу зы кьалэм, ащ кьуажэм щыпсэуэхэу къэгъуэгурыкIуащ. Языныкъуэхэм мыхэр куржыхэм хагъэгъуащэ, ауэ иужьрейхэр я бзэкIи я хабзэжкIи зыщыщыр журт лъэпкъым и нэгъуэщI лIакъыщ.

Налшык кьалэ щыпсэу журтхэм, хабзэ яхуэхьуауэ, Колонкэкlэ зэджэ хьэблэр хэщIапIэ ящIырт. Абы кьыхэкIыу, куэд дэмыкIыу, а хьэблэм Еврей Колонкэкlэ еджэу щIадзащ. Кьыхэгъэщыпхъэщ мыбдеж ахэр я гъунэгъу муслымэнхэм дакьуэзу зэи зэрыщымытар. Абы и щIыхьэтщ Израилым кьыщыдэжI «Кавказ газетым» адыгэхэм ятеухуэу кьыгтехуауэ зыгъэрихьэлIауэ щыта тхыгъэр, «НэгъуэщI дин зыбыгъ ди куэушхэр» псалъэщхьэр зиIар.

- Израильм и щхьэхуитныгъэм папщIэ зауэ щригъэкIуэкIым адыгэхэр а къэралым и ныпым щIэувад. Абы щыгъуэм, 1948 гъэм, мин 650-рэ фIэкIа мыхьу журтхэр мелуан 30-м нэблагъэ хэзрыпхэм япэщIэтащ. Апхуэдэу щытми, Израильм щыпсэу щэрджэхэр зи лъэныкъуэ хъуар журтхэрщ, я кIуэдыпIэр абы кьынкIынкIэ щынагъуэ щыIа пэтми. Ауэ ар абыхэм гукIи псэкIи кьащта унафэт, - апхуэдэ и гукъэкIыжхэмкIэ «Эхо планеты» журналым и корреспондентым дэгъэщащ Кфар-Камэ и щэрджэс жылагъуэм и нэхъыжьыфI Гъэзрихуэжь Аднан.

Зэрахъэ динкIэ адыгэхэр мусулымэн-суннитщ, абыхэм ящыщу ялэ ильэсхэм Израилым и дзэм кьулыкъу щызыщIэну кIуэхэр апхуэдэ гукъыдэж зиIэхэрт.

1957 гъэм щэрджэс жылагъуэм и пашэхэм Израильм и правительствэм лъэIукIэ зыхуагъэзащ я щIалэгъуалэмэ хабзэм кьызэригъэувым тету къэралым ЗыхьумэжныныгъэмкIэ и дзэм кьулыкъу щащIыну хуит ящыну. Ики апхуэдэ хуитныгъэ кьратащ.

Израильм и тIасхьэщIэх нэхъ щэрыуэ дыдэу палестинхэм кьалытэрэ Иорданием кьыщыхьэуа адыгэ пащIэ. Хьэвжокъуэ Аминэщ. Венэ и университетым щеджа, дохутыр Iэщ1агъэр зэрыгъэгъуэта пщащэм езым фIэфIу Израильм и тIасхьэщIэххэм ящIэлажьэн щIидзащ. Абы кьит хьыбархэм я фIыгъэкIэ, теракт зыбжанэ кьамыгъэхъуэн яхуэзфIэкIащ, апхуэдэуи Израильм и спецслужбэхэм террорым зэрыпэщIэтын IуэхущIафэ пыухыкIа зэрагъэуIунымкIэ дэIэпыкьуэгъуэшхуэ хьуащ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Палестинэм и контрразведкэм кьихутащ и Iуэхухэр кьащIемыхьулIэм и щхьэусыгъуэр икIи Аминэ игъэтIысащ. Бейрут щыIыгъа пщащэм и фэм куэд ирахащ, ауэ дауэ мыхьуми, зэпсэльъэныгъэ кIыхьхэр драгъэкIуэкIа иужь, журтхэм ар кьахъуэжащ палестин зауэлI зыбжанэкIэ.

Израильм щыпсэу щэрджэсхэр щIым нэхъ толъжьыхь. Абыхэм я щIалэхэр сэлэт хахуэу кьалытэ. Нэхъыбэу абыхэм кьулыкъу щащIэр гъунапкьэхъуэмэ дзэмрэ щынагъуэнащагъэмкIэ Iуэхущапхьэмрэщ.

Сыт Израильм щыпсэу адыгэхэр журтхэмэ ихьэрыпхэмэ псалъэмакьыншэу щIадэпсэуфыр? Мыр Iуэху тыншкьым, журт-хьэрып зэпэщIэуэвэныгъэхэр нэхъыбэу кьызыхэкIыр зэрахъэ дин и лъныкъуэкIэ щыIэ зэщхьэщыкIныгъэхэрауэ кьыззэральытэм тепщIыхьмэ.

Израильм щыпсэу, адыгэ генерал Тхьэукъуэ Шаукъи кьыззэрилытэмкIэ, а зэпэщIэтыныгъэхэм дин лъабжьэ яIэу зэрыжаIэр щхьэусыгъуэншэщ. «ЛъэпкъитIыр зы щIыкIапэ щхьэкIэ зэныкъуэкъуу аращ, - жеIэ Шаукъи. - Псалъэм папщIэ, дэ, адыгэхэм, хьэрыпхэм хуэдэу муслымэнхэм, мы щIыналъэм Шэрджэс къэралыгъуэ кьыщыIэзэрыпэщынэу дыхуежьэтэмэ, занщIэу хьэрыпхэмэ журтхэми я жагъуэгъуэу дыкьалыытэнут». Генерал Тхьэукъуэм шэч кьытрихьэркьым, щыпсэу щынальэм и хабзэхэр кьызэпызымыуд адыгэхэм хьэрыпхэми журтхэми пщIэшхуэ кьызэрыхуащым.

Уаахътыншэщ Iуащхьэмахуэ кьыпих нэхур

Рихьание дэт школым и унафэщI Шагудж Адидэ адыгэхэми журтхэми я гъащIэ кьекуэкIыкIар эщхьу кьелытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ «а лъэпкъхэм я бынхэр дуней псом щIикъуэщI. Абы зэрыжиIэмкIэ, зи гъащIэр эщхь лъэпкъхэр зэи зэбий хьунукъым.

Израильм щыIэ щэрджэс кьуажэхэр сыт и щхьэусыгъуэ кIи зыхуэй щхьэщ, абы екIуэлIэ гъэзугъэри тэмэмщ. Жыл зэ дэтщ мэжджыт дэгъуэ. Кфар-Камэ дэт мэжджыбатым и Iимамыр дзэм кьыхэкIыжа подполковникщ. Адыгэ кьуажитIми щыпсэухэм я унэхэр инщ, хуитщ, еджапIэхэмрэ сымаджщэхэмрэ Тель-Авив дэтхэм кьакIэрымыхуу зыхуэй хьэпшыпхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрэпэщащ.

Нобэ Израильм щыпсэу адыгэхэм Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу я лъэпкъзгъуэм пыщIэныгъэ хуаIэщ. Рихьэниерэ Кфар-Камэрэ дэт школэхэм сабийхэм я анэдэлхубзэр щадж. Дзэм кьыхэкIыжа майор Хьун Шэуькъи зи унафэщI «Iуащхьэмахуэ» адыгэ лъэпкъ ансамблым Израильм и гимным и мызакъуэу, Кьэрэшей-Шэрджэсым ейри жеIэ, мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ кьыщидзэу:

КIэнщэу срогущуэ си
Хэжужьым!
Уахьтыншэщ Iуащхьэмахуэ
кьыпих нэхур.
ЗыпэсщIым щымыIэу
Псыжьи
И толькьунэхэм ирахьэх
псыпIыхур!

ГъэзркIуэжь Аднан кьыхехгъэщ Кьэрэшей-Шэрджэсым и мызакъуэу, Адыгейри Кьэбэрдей-Балькъэрри я хэкужьу кьыззэральытэр.

Илъэ 24-рэ зи ныбжь, Израильм щыщ футболист цIэрыIуэ Натхъуэ Бейбарс лъэпкъкIэ адыгэщ, Кфар-Камэ жылэм и щIыналъэм Ар Тель-Авив и «Хапоэль» футбол клубым хэтащ, иджыпсту Кьэзаным и «Рубин»-м и джэгуакIуэщ, Израилым щыщ адыгэ пащащэмрэ си пщIыхьэпIэхэр. Си набдзэхэр зэхэзэкIэрти кьысIэрыхьа мывэр яхэзэтIыпщхьэрт джэдухэм; яхуринкъуртэкъым, бжэщхьэрт кьыIуна вакъээри якIэтызэтIыпщырт. Уэхухуу, ятехуащ! ЗыIуевтъэх джэду фIеижьхэм. Сыт ягъэ кIынт пщIантIэм зэт хьэкIэжъуэкIэхэри джэдухэм хуэдэу схуэтъэштэфу щытамэ. Ахэри Iусхужынт зэ уэтъэкIэ.

Си анэшхуэм кьызжиIэрт: «Абыхэм я кIэхэр апхуэдизу кIыхьщи, ад-дэ Физан нос, а и кIэмкIэ зэ щеуам деж щIыр зэгуеуд, уафэр зыгуеч. Уэ ущIэмыкI, КIуакIуэ дахэ дыдэ».

- Зэи сыщIэкIынкъым, ауэ ахэр ди унэм кьыщыхьэфынукъэ, нан?

- Аз, си хьыдджэбз щыкIу, сэ кьыщIэзгъэхьэн уи гугъэ, сеуэурэ сыукIыным Тхьэ. КIуэи си нэмэз щыгъэр кьыскъуэхьи, Iаилахьэ Iиллэлахь жыдгъэщ.

Пшынэ макъым сыщIэдIуэрэ сыкъэхьуащ сэ - си анэр пшынаущхьэрт. Си адрэр зэрэ дыкьыззэдэфэрт. Си нанэм исIэмей еуэу щыщIидзам деж, си адэм щIалэщIэхэм я кьэфэкIэм зыпищыжьырт. Апхуэдизкъэ нанэ: «Адыдыдэ! Мыр сыт ешхь мыгъуэ?!» - жиIэурэ епIырт.

Си анэшхуэм тыркубзэр иужькIэ зригъэщIжауэ аратти, и бзэр хуэныкъуэт. Зэпымыууэ и анэм и хьыбар кьыскъуиуатэрт. Абы и щхьэщ кIыхь ухуэнахэр, и набдзэ кьурашэхэр. ИIуатэ пэт иухыртэкъым и дахагъэр.

Сэ сы сабинт. Нанэхэм, дадэхэм жьантIэу щIыгъаву адыгэ хабзэр щызекIэрэрт. Ди унэхэм адыгэбзэкIэ щыпсалъэхэрт. Си анэр абазэрэ пэт, къэбэрдеибзэр езым и бзэм хуэдэу ищIэрт. Унагъуэ псор адыгэбзэкIэ зэпсалъэ щхьэкIэ, дэ зыкьыщытхуагъазэкIэ, тыркубзэ защIырт. Ар, тыркубзэр, дагъэщIэну арауэ пIэрэт?.. СыщыщIыкIым мы Iуэхум, мы щытыкIэм кьыдищIэм си акьыл хэзкIуэрэтэкъым. Аурэ-аурэ, си ныбжьым хэхъуэху, си щхьэм, си гум изыбуда адыгагъэм зыкьитIатэрт - ди бзэр зэрызмыщIэм, зэрызамыгъэщIам и гукъеуэм сыхэхуащ. АдыгэбзэкIэ гупсысэрэ тыркубзэкIэ псалъэу Тыркуэм щыпсэу абазэм кьильхуа кьэбзэрдей хъыджэбзыр сэращ. И Хэкум кьрахуа хэхэс!

Си бзэкIэ сыгпыу, си бзэкIэ сыдыхьэшхрэ я бзэм сригупсысэрэ псалъэхэр кьызгъэфэну си нэ кьокI! АрщхьэкIэ, сызыхуей псалъэхэр схуэзэпIуэзэрэкьым, псалъэхэр спэIэщIэ мэхъу. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, а си бзэ дахэр, ари и Хэку кьрахуауэ, хэхэсщи аращ.

Гупсысэхэр зыр зым кIэптыкIуэу, си сабингъуэм и дунейм кьыщызохIуэ, зы пшэм сильрэ адрей пшэм сыгупсысэу... Мы дунейми зы сабингъуэ иIэу пIэрэ?

Адыгэ унагъэшхуэхэм кьуэрыльхъу-пхьурыльхъухэм нэхъыбэу я увыIэпIэр, я тетъэщIапIэр анэшхуэ-адэшхуэхэм я джэт. Я епъэдакIуэр ахэрат. Сэри си анэшхуэм и кьуэдзэ хуэдэу сыщыIт. Абы и кIэм щIэжу адыгэбзэкIэ е тыркубзэкIэ мэпсалъэ. А лъэпкъыгъэ апхуэдизу зэш-зэбыну зэдопсэури, абазэхэми «дэ дышэрджэсщ» жаIэ.

Дауэ мыхъуми лъэпкъитIми я бзэр, я хабзэр тэмэму яхуэхъумэжакъым. Щыпсэу щIыпIэм щызекIуэ хабзэм зыдрамыгъэкIуу хъунутэкъыми, нэхъыбэм зэрызэпсальэр тыркубзэрт. Псом хуэмыдэу я щхьэ яхуэхъумэжакъым абазэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ.

Абы кьыгъэльагъуэ Кавказым икIа лъэпкъ псом щхьэкIи шэрджэс жыпIэныр кьызэремызэгъыр. Апхуэдизкъэ тыркубзэрт. Псом хуэмыдэу я щхьэ яхуэхъумэ-жакъым абазэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ.

Дауэ ар ящIэ, я щхьэ яхуэхъумэжакъым абазэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ. Сыт щхьэкIэ ар зэрыщытыр? Ар сэ сызыхъужащ. Илъэс куэд щIауэ ахэр зэгурыIуэу, зэкъуэту Узун-Йила щопсэу. БжыгъэкIэ кьапщтэмэ, абазэхэр адыгэхэм нэхъыбэ фIыуэ нэхъ мащIэщ. Адыгэ хуэжьэхэр щэ нэхъыбэ щIигъумэ, абазэ жылэу зыбгъупщI щыIэу аращ.

Абазэхэр фIыуэ зэрынэхъмащIэм кьыхэкIыу, абыхэм я унагъуэхэм адыгэ нысэхэм нэхъыбэу ушрохьэлIэ. Абазэхэм ящIыщ куэдым адыгэбзэ ящIэ, я унагъуэхэм щопсалъэ. Уеблэмэ, нэхъыбэм я анэдэлхубзэр ямыщIэжу адыгэбзэкIэ е тыркубзэкIэ мэпсалъэ. А лъэпкъыгъэ апхуэдизу зэш-зэбыну зэдопсэури, абазэхэми «дэ дышэрджэсщ» жаIэ.

Уэ, Хэку щIыпIэ, зыпэжьажьэ хэкужьу Тыркуащ. Езым и къэжьапIэхэр, и лъэпкъ къуэпсэхэр къэзыхутэж пщащэм нгу хэзыгъэщI щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэр адыгэбзэр зэрымыщIэращ. Хэхэсу псэу адыгэхэм я натIэ хьуращи, зыхэс лъэпкъым я бзэр кьащтэри, я анэдэлтъхубзэр ящогъупщажь. Сыт хуэдэ Iэмал кьагъуэтмафыну кIэгъэ бзэм и кIапэтхьапхьэкIэ? Сыт щыхъунсэм кьыщыщIыр и адэжь щIыналъэм щыпсэIэщIэм деж? Апхуэдэ ущIэхэри, нэгъуэщIхэри кьегъэув Дилэк. Тхыгъэр Тыркум кьыщыдэкI «Парт» журналым тетащ, адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар Кьыш Мэхьмуди.**

● Тырку

Къудей Дилэк

Си псэр уи псэм лъреIэс

ЩIыГУМ тет хьыбарIуатэ мелуан Iэджэм сащыщ зыуэ аркъудейщ. Си псэм зэрыдуненчэ сыкъуIуэ, зыпэжьажьэ хэкужьм я уэшхкIэ зызогъэпскIри, я жьыбгъэхэмкIэ зызогъэгъущыж. Гъунэ зимыIэ пшахъуэщIхэм сыхохIуадэри, гъуэбжэгъуэщым хуэдэу щIарыщIэу гупыку сыкьохьэж. Сэр хуэдэу кьэзыкIуху щыт псэхэм я Iущащэхэр псалъэхэмкIэ кьызогъафэри, цIыху шыпсэхэу фызогъэдаIуэ, зэрыфщIэщи...

Сэ сыхъыджэбз цIыкIут зы зэман. КIыфIрэ гъуэтэрымэ кьызыдих пщIантIэхэм ныбжьхэр кьыщесхуэкIырт. Мывэ блынкэм сыдэкIыуэр, щIыбым кьыдэт дуней ивмангъуэм сыхэплъэрт шынэм зэщIнубыда си нэхэмкIэ. Си гупэмкIэ зыкьыщIритIэрт шынагъуэу кьыщыщхьу псэунытъэм. Сэ псэныгъэ жьыхуэ дунейм тет хьэкIэжхъуэкIэ зэщIыхэм сыздегупсысым, джэду зэрыщIхэм зэпащIыртт си пщIыхьэпIэхэр. Си набдзэхэр зэхэзэкIэрти кьысIэрыхьа мывэр яхэзэтIыпщхьэрт джэдухэм; яхуринкъуртэкъымкIэ, бжэщхьэрт кьыIуна вакъээри якIэтызэтIыпщырт. Уэхухуу, ятехуащ! ЗыIуевтъэх джэду фIеижьхэм. Сыт ягъэ кIынт пщIантIэм зэт хьэкIэжъуэкIэхэри джэдухэм хуэдэу схуэтъэштэфу щытамэ. Ахэри Iусхужынт зэ уэтъэкIэ.

Си анэшхуэм кьызжиIэрт: «Абыхэм я кIэхэр апхуэдизу кIыхьщи, ад-дэ Физан нос, а и кIэмкIэ зэ щеуам деж щIыр зэгуеуд, уафэр зыгуеч. Уэ ущIэмыкI, КIуакIуэ дахэ дыдэ».

- Зэи сыщIэкIынкъым, ауэ ахэр ди унэм кьыщыхьэфынукъэ, нан?

- Аз, си хьыдджэбз щыкIу, сэ кьыщIэзгъэхьэн уи гугъэ, сеуэурэ сыукIыным Тхьэ. КIуэи си нэмэз щыгъэр кьыскъуэхьи, Iаилахьэ Iиллэлахь жыдгъэщ.

Пшынэ макъым сыщIэдIуэрэ сыкъэхьуащ сэ - си анэр пшынаущхьэрт. Си адрэр зэрэ дыкьыззэдэфэрт. Си нанэм исIэмей еуэу щыщIидзам деж, си адэм щIалэщIэхэм я кьэфэкIэм зыпищыжьырт. Апхуэдизкъэ нанэ: «Адыдыдэ! Мыр сыт ешхь мыгъуэ?!» - жиIэурэ епIырт.

Си анэшхуэм тыркубзэр иужькIэ зригъэщIжауэ аратти, и бзэр хуэныкъуэт. Зэпымыууэ и анэм и хьыбар кьыскъуиуатэрт. Абы и щхьэщ кIыхь ухуэнахэр, и набдзэ кьурашэхэр. ИIуатэ пэт иухыртэкъым и дахагъэр.

Сэ сы сабинт. Нанэхэм, дадэхэм жьантIэу щIыгъаву адыгэ хабзэр щызекIэрэрт. Ди унэхэм адыгэбзэкIэ щыпсалъэхэрт. Си анэр абазэрэ пэт, къэбэрдеибзэр езым и бзэм хуэдэу ищIэрт. Унагъуэ псор адыгэбзэкIэ зэпсалъэ щхьэкIэ, дэ зыкьыщытхуагъазэкIэ, тыркубзэ защIырт. Ар, тыркубзэр, дагъэщIэну арауэ пIэрэт?.. СыщыщIыкIым мы Iуэхум, мы щытыкIэм кьыдищIэм си акьыл хэзкIуэрэтэкъым. Аурэ-аурэ, си ныбжьым хэхъуэху, си щхьэм, си гум изыбуда адыгагъэм зыкьитIатэрт - ди бзэр зэрызмыщIэм, зэрызамыгъэщIам и гукъеуэм сыхэхуащ. АдыгэбзэкIэ гупсысэрэ тыркубзэкIэ псалъэу Тыркуэм щыпсэу абазэм кьильхуа кьэбзэрдей хъыджэбзыр сэращ. И Хэкум кьрахуа хэхэс!

Си бзэкIэ сыгпыу, си бзэкIэ сыдыхьэшхрэ я бзэм сригупсысэрэ псалъэхэр кьызгъэфэну си нэ кьокI! АрщхьэкIэ, сызыхуей псалъэхэр схуэзэпIуэзэрэкьым, псалъэхэр спэIэщIэ мэхъу. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, а си бзэ дахэр, ари и Хэку кьрахуауэ, хэхэсщи аращ.

Гупсысэхэр зыр зым кIэптыкIуэу, си сабингъуэм и дунейм кьыщызохIуэ, зы пшэм сильрэ адрей пшэм сыгупсысэу... Мы дунейми зы сабингъуэ иIэу пIэрэ?

Адыгэ унагъэшхуэхэм кьуэрыльхъу-пхьурыльхъухэм нэхъыбэу я увыIэпIэр, я тетъэщIапIэр анэшхуэ-адэшхуэхэм я джэт. Я епъэдакIуэр ахэрат. Сэри си анэшхуэм и кьуэдзэ хуэдэу сыщыIт. Абы и кIэм щIэжу адыгэбзэкIэ е тыркубзэкIэ мэпсалъэ. А лъэпкъыгъэ апхуэдизу зэш-зэбыну зэдопсэури, абазэхэми «дэ дышэрджэсщ» жаIэ.

Дауэ мыхъуми лъэпкъитIми я бзэр, я хабзэр тэмэму яхуэхъумэжакъым. Щыпсэу щIыпIэм щызекIуэ хабзэм зыдрамыгъэкIуу хъунутэкъыми, нэхъыбэм зэрызэпсальэр тыркубзэрт. Псом хуэмыдэу я щхьэ яхуэхъумэжакъым абазэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ.

Абы кьыгъэльагъуэ Кавказым икIа лъэпкъ псом щхьэкIи шэрджэс жыпIэныр кьызэремызэгъыр. Апхуэдизкъэ тыркубзэрт. Псом хуэмыдэу я щхьэ яхуэхъумэжакъым абазэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ. Сыт щхьэкIэ ар зэрыщытыр? Ар сэ сызыхъужащ. Илъэс куэд щIауэ ахэр зэгурыIуэу, зэкъуэту Узун-Йила щопсэу. БжыгъэкIэ кьапщтэмэ, абазэхэр адыгэхэм нэхъыбэ фIыуэ нэхъ мащIэщ. Адыгэ хуэжьэхэр щэ нэхъыбэ щIигъумэ, абазэ жылэу зыбгъупщI щыIэу аращ.

Абазэхэр фIыуэ зэрынэхъмащIэм кьыхэкIыу, абыхэм я унагъуэхэм адыгэ нысэхэм нэхъыбэу ушрохьэлIэ. Абазэхэм ящIыщ куэдым адыгэбзэ ящIэ, я унагъуэхэм щопсалъэ. Уеблэмэ, нэхъыбэм я анэдэлхубзэр ямыщIэжу адыгэбзэкIэ е тыркубзэкIэ мэпсалъэ. А лъэпкъыгъэ апхуэдизу зэш-зэбыну зэдопсэури, абазэхэми «дэ дышэрджэсщ» жаIэ.

Уэ, Хэку щIыпIэ, зыпэжьажьэ хэкужьу Тыркуащ. Езым и къэжьапIэхэр, и лъэпкъ къуэпсэхэр къэзыхутэж пщащэм нгу хэзыгъэщI щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэр адыгэбзэр зэрымыщIэращ. Хэхэсу псэу адыгэхэм я натIэ хьуращи, зыхэс лъэпкъым я бзэр кьащтэри, я анэдэлтъхубзэр ящогъупщажь. Сыт хуэдэ Iэмал кьагъуэтмафыну кIэгъэ бзэм и кIапэтхьапхьэкIэ? Сыт щыхъунсэм кьыщыщIыр и адэжь щIыналъэм щыпсэIэщIэм деж? Апхуэдэ ущIэхэри, нэгъуэщIхэри кьегъэув Дилэк. Тхыгъэр Тыркум кьыщыдэкI «Парт» журналым тетащ, адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар Кьыш Мэхьмуди.

Израильм щыщ футболист цIэрыIуэ Натхъуэ Бейбарс лъэпкъкIэ щапсыгъщ. Абы щхьэгъусэ ищIащ Ачмыкъ Талие.

Псом хуэмыдэу адыгэхэм пщIэшхуэ щаIэщ Иорданием. Ахэр Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и хьымакIуэ кьэмылэнджэжьэщ.

Зэшхэр

СИ АНЭШХУЭР лъэпкъкIэ абазэт. Ар сэ сызыкIыу дыдэу дунейм ехьжащ, абы кьыхэкIыуи фIыуэ сщIэжыркъым. Си анэшхуэм ещхьу абазэ нысэ куэд адыгэ унагъэхэм яIащ. Апхуэдэ дэуи, адыгэ хъыджэбзхэр абазэ нысэ хъуащ.

Урыс-Кавказ зауэ нэужькъым Адыгэ Хэкум кьыIэпхъуэкIыу Тырхуэ хиубыдэ Узун-Йила щIыпIэм и Iэгъуэблагъэм итIысхьа адыгэхэм абазэхэрэ ящIыгъуащ. Хэкужьмыи зэрыщIэзэбгъэдэсам ещхьу, диаспорэми зэкъуэ лъэпкъитIыр, адыгэхэмрэ абазэхэмрэ, зэгъэнагъу зэхуэхъужащ. Илъэс куэд щIауэ ахэр зэгурыIуэу, зэкъуэту Узун-Йила щопсэу. БжыгъэкIэ кьапщтэмэ, абазэхэр адыгэхэм нэхъыбэ фIыуэ нэхъ мащIэщ. Адыгэ хуэжьэхэр щэ нэхъыбэ щIигъумэ, абазэ жылэу зыбгъупщI щыIэу аращ.

Абазэхэр фIыуэ зэрынэхъмащIэм кьыхэкIыу, абыхэм я унагъуэхэм адыгэ нысэхэм нэхъыбэу ушрохьэлIэ. Абазэхэм ящIыщ куэдым адыгэбзэ ящIэ, я унагъуэхэм щопсалъэ. Уеблэмэ, нэхъыбэм я анэдэлхубзэр ямыщIэжу адыгэбзэкIэ е тыркубзэкIэ мэпсалъэ. А лъэпкъыгъэ апхуэдизу зэш-зэбыну зэдопсэури, абазэхэми «дэ дышэрджэсщ» жаIэ.

Дауэ мыхъуми лъэпкъитIми я бзэр, я хабзэр тэмэму яхуэхъумэжакъым. Щыпсэу щIыпIэм щызекIуэ хабзэм зыдрамыгъэкIуу хъунутэкъыми, нэхъыбэм зэрызэпсальэр тыркубзэрт. Псом хуэмыдэу я щхьэ яхуэхъумэжакъым абазэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ.

Абы кьыгъэльагъуэ Кавказым икIа лъэпкъ псом щхьэкIи шэрджэс жыпIэныр кьызэремызэгъыр. Апхуэдизкъэ тыркубзэрт. Псом хуэмыдэу я щхьэ яхуэхъумэжакъым абазэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ. Сыт щхьэкIэ ар зэрыщытыр? Ар сэ сызыхъужащ. Илъэс куэд щIауэ ахэр зэгурыIуэу, зэкъуэту Узун-Йила щопсэу. БжыгъэкIэ кьапщтэмэ, абазэхэр адыгэхэм нэхъыбэ фIыуэ нэхъ мащIэщ. Адыгэ хуэжьэхэр щэ нэхъыбэ щIигъумэ, абазэ жылэу зыбгъупщI щыIэу аращ.

Абазэхэр фIыуэ зэрынэхъмащIэм кьыхэкIыу, абыхэм я унагъуэхэм адыгэ нысэхэм нэхъыбэу ушрохьэлIэ. Абазэхэм ящIыщ куэдым адыгэбзэ ящIэ, я унагъуэхэм щопсалъэ. Уеблэмэ, нэхъыбэм я анэдэлхубзэр ямыщIэжу адыгэбзэкIэ е тыркубзэкIэ мэпсалъэ. А лъэпкъыгъэ апхуэдизу зэш-зэбыну зэдопсэури, абазэхэми «дэ дышэрджэсщ» жаIэ.

ДэркIэ зыхэдэ щымыIэу адыгэми абазэми зэхуэдэ щцIэрэ щIыхьрэ яIащ. Я къуэпсхэр зыуэ щытщ мы лъэпкъитIым, игъуэ кьыщIухуэм адыгэхэмрэ абазэхэмрэ я Iуэхухэр зэгъуэзу зыфIахыным кьемызэгъын хэлъкъым.

Пщащэ зыбгъуэ зэпэщIэ дохъу жиIэу, абы щхьэкIэ зыри иремыгузавэ икIи иремыIейтей. Дэ дызыхущIэкъур дэтхэнэ зы лъэпкъри лъэпкъыуу щызыгъэIэж и бзэмрэ и хабзэмрэ егъэгъуэтыжьынырщ.

ТЭГъУЛАН Екъуб.
Къайсэр къалэ

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар Щхьэщэмыщ Иэщ.

Ди зэманым и лIыхъужь Махуэ Билал

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- ТIэунейрэ Олимп чемпион хьуа осетин бэнакIуэ Хадарцев Мухьэрбэч «Махуэ Билал иужьрей зэманым зиужьакъым, сыт щыгъуи зы Iэмалиц кынгъэсэбэпыр, и кьэру кьудейм щогугъ жиIэу «Комсомольская правда» газетым кьытехуащ, абы теухуаэу сыт кьыджефIэн?

Тембот Анзор: - Билал зэрэрызиужьыр, зэрефIакIуэр махуэ кьэс дольагъ. Кьэралым и чемпионатыр кьихьащ, абы и ужькIи утыкIу куэдым ехьулIэныгъэхэр щIащ. Кьуанщагъэр кьащылытыхьауапхэр Билал и дежькъым. Абы и закъуэкъым апхуэдэ кьызыщыщIари, сыщогугъ щхьэусыгъуэхэр зэхагъэкIыну.

Махуэ Билал: - Нэщ тIыгъамэ, ди кьарур апхуэдизу щIэкIыну кьыщIэхьэкъым, утыкум дыкьыщихьам зэрыщIэкIам хуэдэу. ИльэситхуэхьуаэУ апхуэдэ утыкушхуэкъэ сохьэри, зэи апхуэдэ щытыкIэ сихуэакъым, адрей спортсменхэми зыжьхэу жаIэр рауах. Хадарцевым жиIам и гугъу пщIымэ, кьыхьэгъэщыну сыхуейт си бэнэкIэмкIэ чемпионатитхэу хьуаэу сызэрызыгъэ, Олимпиадэр кьыщIысхуэмыхьар Iэмалыщ1эхэр зэрызэзмыгъэщIаракъым, атIэ сыт щыгъуи кьэзгъэсэбэп Iэмалхэр и кIэм нэсу кьыззрысхуэмыгъэльэгъуарц. Мурадыщхэр, лъагапIэщIэхэр зыхудогъэувыж, аэр кьыдэхьулIэн папщIэ ди кьару демыблэжу дылэжьнущ.

- ИльэситI и пэкIэ дунейпсо чемпионатым и кIэух зэпеуэм Таймазов Артур ущытекIуащ, Олимп Джэгухэм я финалым фыщыззэIущIамэ, даузт уэрерзэуэнур? УтекIуэну кьыпщыхьурэт?

Махуэ Билал: - Абы теухуаэу иджы «джэш здэзыну» сыхуейкъым. Таймазовым сэ сыщыхуэзам ар тIэунейрэ дуней псом и чемпион хьуат, а зым куэд кьыбжиIэу кьыщохъу. Ар Таймазовым и иужьрей бэнэгъуэт. Олимп Джэгухэм я финалым сэ Артур сыщыхуэзаэу щытамэ, бэнэкIэ хьэлэмэт, гъэщIэгъуэн хьунут, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы иужьрей щыщ медалыр кьихьыну щIэкьнут, сэ си апэрейм сыщIэбэныну. Iуэрыдыгъуэ Олимп медалыр кьихьыну щIэкIыхьу. А зэманым спортым жьыджэру хэтхэр кьыздгъэзджыхьэурэ си льэщагъым хэзгъэхьуауэ, иджы хуэдэ щытыкIэфI зэи симыIаэу кьызжаIэрт. КIэщIу жыпIэмэ, сызэбэныныхэм я деж щегъэжьауэ, зыми ягу кьэкIыртэкъым Олимпиадэм дыщэ кьыщIэмыхьыну. Ар зи фIыгъэ, псом япэу, си гъэсакIуэращ. Зэрызызгъэсапхъэ, си кьару мыкIуэщIу лы лейр зэрызыкIэрызгъэхуп Iэмалхэм сыхуигъэIущащ абы.

УкьызэлIуэху псомэ уи кьарум хегъахьуэ жаIэ. Сэри апхуэдэу кьызолытэ. КъБР-м и Iэтащхьэмэ дыщыхуэзам дигъэгушхуащ, ди щхьэ мыгъуэгъэ хуэздмыхьажу щIэтэжуэ бжьауэ дылэжьэным дыкъыхуриджащ. Сыт щыгъуи кьыддэIэпыкIуну зэрыхьэзырыр, мылькуклIэ, псоуальэ кьызэгъэпэщын и IуэрыкIэ зыкIэпщIи пэжьэуну дыкьынгъэгугъащ. Спортсмен льэщыр кьэралым и кьарур, зыужьныгъэр кьэзыгъэльагъуэщ. Ди Iэтащхьэм ар фIыуэ кьыгуроIуэ.

Дэр щхьэкIэ гуэзвэхэм, кьыддэщIахэм захуэзгъэзэну сыхуейт, дяпэкIэ я гугъэр дгъэпэжину дыззэримурадыр, езыхэри гугъуехьым щымыщынэу, ипэкIэ кIуэ зэпыту, кьызэпльэкIыокрэ я екъуIэныгъэхэм щыгуфыкIыу псэуну дызэригуапэр кьыхьэзгъэщу.

ЦIыхур насытыфIэщ и гум фIэкIуэху, иращIэм хеж. Буаст Пьер жиIауэ щытащ: «ЦIыхур псальэм ещхьщ, и пIэм ирумыгъэувэмэ, и мыхьэнэр мэкIуэд». Махуэ Билал кьыхихьауэ щытур зэрыпхьрым щэч кьытримыхьэжу зэрытетыр зэрыпльагъущ, араш абы кьару кьезытыр. Дунейм зыри тыншу кьыщохьулIэрыкъым. Ар гъашIэм унгъэсэу, уипсычхьу, нахьыфIыак уншIу, гугъуехь псоми ухунгъэхьэзыгъу араш. Спорт утыку нэхьыщхьэ дыдэм кьыщихьа жэз медалым Махуэр нэхьыбэжым тригъэгушхуащ икIи щэч кьытетхьэрыкъым а жэзыр абы и Олимп дыщэ медаль куэдым я щIагъ зэрыхьунум.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Махуэ Билалрэ Тембот Анзоррэ.
Сурэтыр **КъУЩхЬэ Чалим** *трихащ.*

БгъуэнщIагъ-псэуплIэхэр къагъуэт

● Гъэщ1эгъуэнщ

Къзбэрдей-Балъкъэрым и лъахжэгъэ Котляровкэ Мариерэ Викторрэ къагъуэтащ Кавказ Ищхьэрэм и археологхэм яджыну къапэщылъ бгъуэнщIагъ-псэуплIэ гъэщIэгъуэнхэр. Абыхэм щхьэкIэ, пIэсэу фIэкI узыпхыыкIыфыну, метриті зи лъагагъ удзыжь зэщIэкIэжахэр кьызыбонэкIри, Тызыл аузым и щхьэпэжкIэ щыIэ щIыпIэ пхыдзам ухохьэ. Наiуэщ лIэщIыгъуэ зыбжанэ и пэкIэ абдежым цIыхуэхэр зэрыщIэсэуар.

БГЪУЭНЩIАГЪ мыин зыбжанэ зыр адрейм и щхьэм кьытетщ. Ахэр апхуэдизкIэ лъахъшэщи (метр ныкъуэм щегъэжьауэ зы тIэкIыкIэ нэхь лъагэхэщ), мыхьэнэ гуэр яIэу зэрыщымытар гурыIуэгъуэщ. ЦIыхухэм Iэкlэ кьызэрыратхьуамкIэ, нэхьапэм ахэр кхъуэу зэрыщытар нэрылъагъущ: гъунэгъуэ щыт бгыхэм апхуэдэ бгъуэнщIагъэр яIэкъым. ИльэсищкIэ уэзгъэбжьмэ, кхъэхэр яхъунщIащ, нэхь пэжу жьыпIэмэ, зэхакъутащ: къупщхьэхэр кьыщIадзащ, ижькIэ ахэр хьэкIэхъуэкIэхэм зэбгрыпсэфыжащ. ГъэщIэгъуэныр мыращ: щIыпIэм щыпсэуахэм я пльэхьэнэгъуэхр тIэу щIалъхьажу, япэ щIыкIэ зы щIыпIэм, я къупщхьэхэм фIэкI кьыщымынэжкIэ бгъуэнщIагъым ягъэIэпхъуэу щытауэ жаIэж. Аращ бгъуэнщIагъ къэс къупщхьэ куэд щIыщIэлъым щхьэусыгъуэ хуэхъуари. Хуэбгъэфащэ зэрыхьынумкIэ, ахэр пльэпкъхэм я унагъуэкъхэхэу щытауэ кьыщIэкIынущ.

Кхъэм пэгъунэгъуэ псэуплIэхэр щыIащ. Ахэр си хъуреягъкIэ метр зи Iувагъ Iэрыщ мывэкIэ кэхэухьа, метриті зи лъагагъ бгъуэнщIагъышхуэхэщ. УмыгъэщIагъуэу плъэкIыркъым апхуэдизи зи лъагагъ блынхэр дэпщIеин папщIэ узыхуеину кьарум и инагъыр. ИщхьэмкIэ щыIэ бгъуэнщIагъитIым я лъагагъым я зэхуакур метр 50-м щIегъу. ФIэщщIыгъуейщ а бгым ищхьэмкIэ укъыщIехьыфыну, метрипщI бжьыгъэхэр бэпу щытагъэнущ.

Гу лъыботэ бгъуэнщIагъ нэхъ иным (метр зэбгъуэзнатIэу 200-м ноблагъэ) и лъабжьэр адрейхэм къаэзрыщхьэщкIым: захуэу, хужьу, сантиметр 20 хуэдизу хьуэ кьежьэ а лъабжьэр бетоным ещхьщ. IэщIагъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ «лъэгу» иIэн щхьэкIэ, зы лIэщIыгъуэкъым блэкIын хуэйр.

БгъуэнщIагъэхэми, кхъэхэми гъущIыкIэ уащрихьэлIэркъым. Пэгъунэгъуу гъавэ щIапIитI зэрыщыIэм тепщIыжэ, абы щыпсэуахэр мэкъумэш щIэным хуэхамэу щытагъэнукъым. КьищыимэыщIауэ, бгъуэнщIагъыщхьэм хуэзэу, «щхьэгъубжэ» щимэшхуитI уольагъу. Дауи, ар Iэкlэ ящIакъым, атIэ жьыбгъэмрэ уэсымрэ я лъэужьщ, ауэ щIыуэпсым кьигъэщIам ещхьщ, цIыхур имыщIэххэу зыIуэнкIэ хьуну шынагъым щIихьумэн папщIэ. Абдеж Тызыл аузыр уи Iэгу илъым хуэдэу щыбollагъу.

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIа, къэралым и тхьэдэ музейм и археологие фэеплъхэр щахъумэ къудамэм и хъумакIуэ Кадиевэ Аннэ зэрыхуигъэфащэмкIэ, Тызыл бгы кхъащхьэр ди эрэм и VI-IX лIэщIыгъуэхэм хуоэз икIи Краснодар краим и Мощевой Балкэм зэрыщрихьэлIам хуэдэщ ахэр. Апхуэдэ кхъащхьэхэр щIэхщIэхьыурэ яхъунщIэу щытауэ фэ тетщ, артефактхэм, гъущIыкIэхэм мащIэ дыдэрэ фIэкI узэрыщIимыхьэлIэр хэхъныгъэм. Апхуэдэ кхъащхьэ зыбжанэ республикиэм иджыри кьыщыхьмытауэ кьоно, археологхэм я гулыитэ щыщIэу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ФокIадэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/32-нэ Iыхьэ

ФокIадэм и 1
(щэфэт)

«Калуга» (Калугэ) - «Торпедо» (Мэскуу)
«Сокол» (Саратов) - «Химки» (Мэскуу область)
«Губкин» (Губкин) - «Салют» (Белгород)
«Астрахань» (Астрахань) - «Ротор» (Волгоград)
«Сибирь» (Новосибирск) - «Томь» (Томск)
«Тюмень» (Тюмень) - «Металлург-Кузбасс» (Новокузнецк)
«Амур-2010» (Благовещенск) - «СКА-Энергия» (Хабаровск)
«Торпедо» (Армавир) - «Волгарь» (Астрахань)

ФокIадэм и 2
(тхьэмахуэ)

«Псков-747» (Псков) - «Балтика» (Калининград)
«Локомотив-2» (Мэскуу) - «Петротрест» (Санкт-Петербург)
«Волга» (Ульяновск) - «Шинник» (Ярославль)
«Уфа» (Уфа) - «Урал» (Свердлов область)
«Газовик» (Оренбург) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
«Алания-Д» (Владикавказ) -

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык)
«Сибиряк» (Братск) - «Енисей» (Красноярск)
«Химик» (Дзержинск) - «Торпедо» (Владимир)

ЯПЭ ДИВИЗИОН

Епщ1анэ джэгугъуэ
ФокIадэм и 6
(махуэку)

«Урал» (Свердлов область) - «Томь» (Томск)
«Енисей» (Красноярск) - «Ротор» (Волгоград)
«Металлург-Кузбасс» (Новокузнецк) - «Салют» (Белгород)
«СКА-Энергия» (Хабаровск) - «Волгарь» (Астрахань)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Торпедо» (Мэскуу)
«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Химки» (Мэскуу область)
«Шинник» (Ярославль) - «Сибирь» (Новосибирск)
«Петротрест» (Санкт-Петербург) - «Уфа» (Уфа)

Епщыкlуэнэ джэгугъуэ
ФокIадэм и 10 - 11
(блыщхьэ-гъубж)

«Торпедо» - «Петротрест»
«Волгарь» - «Спартак-Налшык»
«Салют» - «СКА-Энергия»
«Ротор» - «Мурманск-Кузбасс»
«Томь» - «Енисей»
«Сибирь» - «Урал»
«Химки» - «Шинник»
«Балтика» (Калининград) - «Нефтехимик»

Епщыкlутlанэ джэгугъуэ
ФокIадэм и 17
(блыщхьэ)

«Урал» - «Химки»
«Енисей» - «Сибирь»
«Металлург-Кузбасс» - «Томь»
«СКА-Энергия» - «Уфа»
«Спартак-Налшык» - «Салют»
«Торпедо» - «Волгарь»
«Нефтехимик» - «Уфа»
«Шинник» - «Балтика»

Епщыкlущанэ джэгугъуэ
ФокIадэм и 21
(мэрем)

«Волгарь» - «Петротрест»
«Салют» - «Торпедо»
«Ротор» - «Спартак-Налшык»
«Томь» - «СКА-Энергия»
«Сибирь» - «Металлург-Кузбасс»
«Химки» - «Енисей»
«Балтика» - «Урал»
«Уфа» - «Шинник»

● Бахъсэн куей

Сабийхэм я нэгу зрагъэужь

Бахъсэн дэт сабий творчествэмкIэ унэмрэ ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ зэпэсу зрагъэужьуэ «Гъэмахуэм сэлам ядохьыж» гуфIэгъуэ пшыхь.

ГЪЭ ЕДЖЭГЪЭЩIЭМ и пэ къухэуу кьалэ администрацэм и жэрдэмкIэ кьыззрагъэпэща мы зэIущIэр теухуат сабийхэм гъэмахуэм кьарит дэрэжэгъуэм и Iэфыр нэхъри захегъэщIэным, ягу фIыкIэ кьинэжьын теплъэгъуэхэр гъэпсыгъуэным. Ар щекIуэкIащ джэгупIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ хьыринэхэмкIэ уэзда кьалэ атракционым.

Щэнхабзэмкlэ унэм и къэфакIуэ, уэрэджьыIакIуэ гупхэм концерт дахэ ятащ, сурэт щIынымкIэ, спортымкIэ зэпеуахэщ, лъэпкъ къафэхэр гъэзэщIэнымкIи я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ. Бжьыпэр зыубыдахэм сагугъэтхэр яратащ.

НэгуэщыкIэ ягъэкIуэ гъэмахуэм сэлам езыхьыжа цIыкIухэм адэкIэ кьапоплъэ бжьыхьэ дыщафэмрэ гъэ еджэгъуэщIэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Зэрызихъуэжа щыIэкъым

Къзбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и дивизион нэхъыщхьэм щекIуэкIа зи чэзу джэгугъуэм турнир таблицэм зэхъуэжьынырэ щIагъуэ хилъхьакъым.

ЕПЩЫКIУТIАНЭ-епщыкIущанэ увыпIэхэр зыныгъа «ДЕР»-мрэ «Щэджэм-2»-мрэ я щытыкIэхэмкIэ зэхъуэжащ арамхуэмэ, адрейхэм загъэхьеякъым. Ар кьыхэкIащ щэджэмдэсхэр «Бэтэхьм» 2:0-у зэрыстекIуамрэ щхьэлыкьэдэсхэр Кьэхъуи кьыззэрыщыхьамыгъэщIамрэ (2:2).

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъхэр аргуэру текIуащ. «Автозапчасть»-р 4:1-уэ Нальчик и «ГидроЭС»-м ефIэкIащ, «Кэнжэр» «Тэрч цIыIэу хэгъэрейхэм 5:4-уэ ефIэкIащ. «Бахьсэн»-ым щыщ кьыхинакъым «Штауч-Аркада»-м. КIэух бжьыгъэр 7:0-м зэрыпэсар абы и щыхьэтщ.

Иджы щыгъуазэ фахуэтщIынущ етIощIанэ джэгугъуэм хьыкъу екIуэкIа зэIущIэхэм кьарикIуа бжьыгъэхэм: **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **«ГидроЭС»** (Налшык) - **4:1**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **3:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **4:5**, **«Велес»** (Къэрэгъэщ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:4**, **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Штауч-Аркада»** (Щэджэм) - **7:0**, **«Спартак-31»** (Налшык) - **2:1**, **«Бэтэх»** (Бэтэх) - **«Щэджэм-2»** (Щэджэм Етlуанэ) - **0:2**, **«Кьэхьун»** (Кьэхьун) - «ДЕР» (Щхьэлыкьэ) - **2:2**.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиIыгъщ мы зэхьэзэхуэм и 43-нэ топыр джэгугъуэ кIуам «ДЕР»-м щыхуэзыгъэкIа кьэхъундэс Щащэ Беслъан.

ТЕМЫР Дисанэ.

Къзбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и дивизион нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэхъуэжьынырэ щIагъуэ хилъхьакъым.

	Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1.	**«Автозапчасть»**	20	17	1	2	63-28	52
2.	**«Кэнжэ»**	20	14	1	5	55-26	43
3.	**«Бахьсэн»**	20	13	4	3	75-26	43
4.	**«Къэхьун»**	20	11	4	5	63-47	37
5.	**«Спартак-31»**	20	11	3	6	49-36	36
6.	**«Нарт»**	20	10	2	8	38-37	32
7.	**«Тэрч»**	20	10	2	8	51-38	32
8.	**«Велес»**	20	9	2	9	55-55	29
9.	**«Штауч-Аркада»**	20	9	1	10	45-52	28
10.	**«ГидроЭС»**	20	8	4	8	43-32	28
11.	**«ЛогоВАЗ»**	20	8	2	10	48-50	26
12.	**«Щэджэм-2»**	20	6	4	10	31-55	22
13.	**«ДЕР»**	20	5	5	10	37-46	20
14.	**«Бедик»**	20	6	0	14	36-85	18
15.	**«Бэтэх»**	20	4	3	13	22-45	15
16.	**«Эльбрус»**	20	0	0	19	18-71	0

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

НэгъуэщIым и паспорткIэ

Республикэм щыщ гъэщIакIуэ цIыхубзхэм нэгъуэщIым и паспорткIэ кредиту сом мин 260-р зэрагъэпэщащ

ПОЛИЦЭМ зэхуигъэзащ дей зытехьам и пхьум. Абы зэрыжиIамкIэ, мы гъэм щыщхьэIум и пэщIэдэм «Инэ»-кIэ зэджэ цIыхубзыр, абыхэм я унэм щыIэу, и анэм и паспортыр идыгъащ. ИужькIэ Бахъсэн кьалэ сом мини 100 кредиту кьыщыIихащ.

Къольыхьуныгъэхэр щрагъэкIуэкIым зэраубзыхьамкIэ, щIэпхъащагъэр ялэжьащ нэхъапэм суд зытрамыщIыхьа, Кэнжэ кьуажэм щыщ 1954, 1974 гъэхэм кьалъхуа цIыхубзитIам.

Апхуэдэ щIэщхьу кьыщыщIащ щхьэлыкьэдэсми. Абы и паспортымкIэ Москва кьалэ «Альфа-Банк»-м зэгурыIуэныгъэ иращIыIащ сом мини 160-рэ щIыхуэу кьыIахьну.

КъБР-мкIэ МВД-м экономикэ щынагъуэншащэмрэ коррупцэм обныныжьмкIэ и управленэм и лъжьакIуэхэр хэту IуэхуэгъуитIри зэхагъэкI.

Щэхуу ягъэлажьэрт

Урысей Федерацэм и МВД-м Май куейм кIэ и къудамэм и лъжьакIуэхэм Сарский хуторым щыIэ бззрым езэгъабгъу уасхIэ сату щащI сатырхэм я зэхуакум кьыщагъэтащ зэрыдзэгу Iэмэпсымэ 15 зыщIэт хъарынэу щIэуфа пэнитI.

АХЭР зейхэр Къэрэгъэщ къуажэмрэ Прохладнэ кьалэмрэ щыпсэухэр, хабзэм ипкъ иткIэ, жэуапым ирашIэлIэнущ.

А махуэ дыдэм Щэджэм куейм и Щэджэм кьалэм и гъунэм зы джэгупIэ щызэхуащIыжащ.

Аргуэру кьапэщIохуэ

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык кьалэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и лъжьакIуэхэм балигъ мыхьу хьыджэбз щыкIуэм лей ирихьэу хуагъэфащэу яубыдащ мыхьэ-мытIэу суд зытращIыхьауэ щыта, 1986 гъэм кьалъхуа налшыкдэсыр.

Iуэхур зэхагъэкI.

Къэрал кIуэщI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьэбарзэмрэ жылагъуэ зэтыщIэныгъэхэмкlэ и Iнатlэ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдзэкIынур щыщхьэIум и 31-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редакторым и нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **ЖьэкIэмыкъуэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, ЩэщIныдзэ Замирэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

Къыдзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЬУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиcьмохэмкIэ - 42-22-88; екъуджэныгъэмрэ щIыныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущ1апIэм и пэжагъымкIэ ахэр зытахъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIагъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къзбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №П-0065-м щIэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэмхьахщ: **жэуап зыхь секретарым и къудэгъэ Дышэкl Соня, редактору Щхьэщэмыщl Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 4-нэ нап.),* **ПкIытIыкI Аэмэт** *(1, 3-нэ нап.). Компьютерхэр газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ,** *сурэтхэм елэмхьар* **Бицу Жанпэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.074 ● Заказ №2296